**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**BIOLOGIYA HA’M TOPIRAQTANIW KAFEDRASI**

**Jaqlawg’a jiberiledi**
**Kafedra baslig’i dotsent**
**B.Gaipov___________**
**___________________**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

**Tema:** **“Qala ha’m awillardi ko’klemzarlastiriwdin’ tu’rleri”**

Bag’dar: 5420100-**Biologiya**

**Orinlag’an:** **Tan’irbergenova F.**

**İlimiy basshi:** **dots. Saytova A.**

**No’kis - 2012**

Mazmunı


| | | |
|---|---|---|
| | Kirisiw…………………………………………………….. | 3-4 |
| I-bap. | A’debiy mag’lıwmatlar | |
| 1.1. | Qala ha’m awillardi klemzarlastiriwdin’ ti’rleri …… | 5-16 |
| 1.2. | Ag’ash ha’m puta o’simlik tu’rlarinin’ qurami ………….. | 17-19 |
| II-bap. | Qaraqalpaqstan Respublikasının’ topıraq klimat sha’riyatları | |
| 2.1. | Qaraqalpaqstan Respublikasının’ topıraq qurami…………….. | 20-23 |
| 2.2. | Qarakalpaqstan Respublikasının’ klimat o’zgeshelikleri……. | 24-25 |
| 2.3. | Tekseriw obiekti ha’m izertlew metodikasi …………………. | 26-27 |
| III-bap. | Qala ha’m awillardi ko’klemzarlastiriwdiwda ag’ash-puta o’simliklerinin’ na’llerin jetilistiriw tu’rleri | |
| 3.1. | Ag’ash ha’m puta o’simliklerinin’ na’llerin jetistiriw | 28-31 |
| 3.2. | Ag’ashlardi otirg’iziw ha’m olardi ta’rbiyalaw | 32-47 |
| | Juwmaqlaw…………………………………………………. | 48 |
| | Paydalanılg’an a’debiyatlar……………………………… | 50-51 |
| | O’mir qa’wipsizligi ………………………………… | 52-57 |

## Kirisiw

Prezidentimizdin' "Jerlerdin' meliorativlik awhalın jaqsılaw sistemasın tu'p-tiykarınan jetistiriw boyınsha " 2007-jılı 29-oktyabrde qabıl etken Pa'rmanı h'a'm basqa da bir qatar h'u'kimetlik qararlar elimizde egislik maydanlardın' meliorativlik awh'alın jaqsılaw h'a'm awıl xojalıg'ı daqıllarınan mol o'nim jetistiriw menen xalqımızdın' turmıs abadanlıg'ın tag'ı da arttırıwda ku'ta' u'lken a'h'miyetke iye boldı.

Bul pa'rmanlar tiykarında ha'zirgi ku'ndede ma'mleketimizde 2012-jıllariabadanlastiriw jumislari elede dawam etip atir ha'm ken' ko'lemli jumıslar alıp barılmaqta (22).

Qaraqalpaqstan Respublikası arqada ag'arg'an Araldan, qublada O'zbekstan Respublikasının' Xorezm ha'm Buxara wa'liyatlarına shekem, batısta U'stirt ken'isligine,shıg'ısta Qazaqstan Respublikasının' Qızılorda wa'liyatına shekemgi aralıqta jaylasqan.

Qubla Aral boyında jergilikli h'a'm shet ellik alımlar ta'repinen ju'rgizilgen ilimiy izertlewlerdin' juwmag'ı bul aymaqta Xorezm ma'mleketi qa'lipleskenge shekem ko'p jıllar burın o'zlerinin' uzaq tariyxıy rawajlanıw basqıshlarına iye.

No'kis qalası A'miwda'ryanın' to'mengi tarmag'ında jaylasqan xalıqlardın' h'a'kimshilik,siyasiy h'a'm ma'deniy oraylarının' biri bolıp tabıladı. O'zbekstan Respublikasının' Prezidenti İ.A.Karimov No'kis qalasının' Qaraqalpaqstan Respublikasının' paytaxtı haqqında bayram ma'ra'simlerinde shıg'ıp so'ylep No'kis-a'jayıp na'wqıran qala, bul jerde qaraqalpaqlar menen birgelikte basqa da milletler h'a'm xalıqlardın' wa'killeri jasap,miynet etpekte. Olar o'zlerinin' ku'sh-g'ayratın ja'mlep usı a'jayıp doslıq h'a'm tuwısqanlıq qalasın qurdı- dep atap aytqan edi.

G'a'rezsizlik jıllarında No'kis qalası ja'nede rawajlanıp,qalanı ko'gallandırıw h'a'm abadanlastırıw,dem alıs orınların h'a'm alleyalardı,jan'a xa'kimshilik imaratların salıw islerine u'lken dıqqat bo'lindi (Esbergenov,2002).

Ha'zirgi ku'nde No'kis qalası A'miwda'ryanın' to'mengi tarmag'ındag'ı a'h'miyetli sotsial-ekonomikalıq oraylardın' birine aylang'an Qaraqalpaqstan Respublikasının' paytaxtı. Prezidentimiz İ.A.Karimov " Qaraqalpaqstan Respublikasının' bizin' ma'mleketimizdin' h'a'm ja'miyetimizdin' turmısında basqa aymaqlar menen salıstırıwg'a bolmaytug'ın,ayrıqsha bir orın iyeleydi.Usı ko'z qarastan, tek h'a'zirgi da'wirdi esapqa alıp qoymastan,Qaraqalpaqstannın' alıs keleshegin jobalastırg'anda da usı ma'selege u'lken dıqqat bo'liwimiz kerek.Usı h'aqqında bizler O'zbekstannın' ja'miyetlik qurılısın reformalastırıw boyınsha ma'mleketlik siyasatın a'melge asırg'anda da este tutıwımız kerek" dep atap o'tken edi.

Son'g'ı jılları jergilikli o'simlik tu'rlerine kelip shıg'ıuı h'a'rqıylı geografiyalıq zonalar bolg'an qalalar menen rayon oraylarında,awıllar menen elatlı punktlerde,ko'shelerdin',suwg'arıw kanalları menen menen salmalardın' boylarında,parklerde,skverlerde h'a'm bulvarlarda ko'plep ushırasatug'ın ja'ne ko'klemzarlastırıw islerinde ken' tu'rde egilip paydalanıp ju'rgen ag'ashlardın' bir qansha tu'rleri kelip qosıldı. Na'tiyjede u'lkemizdin' dendroflorası bir neshe tu'rge bayıdı.

İntroduktsiyalang'an ag'ashlı-putalı o'simlikler xalıq xojalıg'ının' h'a'rqıylı tarawlarında ken' tu'rde paydalanıladı.Olardın' ishinde azıq-awqatlıq,da'ri-da'rmaqlıq,boyawlıq,efir mayların h'a'm qurılıs materialların beretug'ın,dekorativ-ko'klemzarlastırıw isinde a'hmiyetke iye tu'rleri bar.

# 1-bap. A'debiy mag'lıwmatlar

## 1.1. Qala ha'm awillardi ko'klemzarlastiriwdin' ti'rleri

**Ko'shelerge otirg'izilatug'in ag'ashlar.**

Turaqli transport ha'reketi bar tiykarg'i ha'm ken' ko'shelerde jaylardan 5-6 metr qashiqliqta ko'shenin' eki ta'repine ag'ashlar ha'm putalardi 1 yamasa 2 qatardan tuwri etip izbe-iz ekken maqsetke muwapiq keledi. Bul jerlerde qosimsha kishkene g'ana u'y aldi baqshalarin du'ziwge boladi. Ayrim jag'daylarad izbe-iz otirg'iziwdi ko'shelerdin' ortalarina bulvarlar ja'ne alleyalar tu'rinde ornalastiriwg'a boladi. Bul ma'selelerdin' ha'mmesi jergilikli jag'daylardi esapqa alip ha'r bir ko'she ushin ayrim sheshiliwi tiyis.

Shan'lardi ko'birek tutiw maqsetinde ko'shelerge ag'ashlardi bir qatardan yamasa birinshi qatari ag'ashlar, ekinshi qatari putalardan (ko'shenin' ju'retug'in ta'repi bo'limine) otirg'iziw kerek.

Ko'shelerdi ko'klemzarlastiriwda 2-3 jastag'i biyikligi 1,5-2 metr bolg'an ag'ashlar ha'm 0,5 metrden kem bolmag'an putalar qollaniladi. Qatarlarg'a ag'ashlar 3-4m, al putalar 1-1,5 m den otirg'iziladi. Otirg'iziw waqtinda tuwri siziqliq saqlaniwi za'ru'r, bul ushin qatarlardin' tuwrilig'i da'slep ko'rip shig'iladi, al ag'ashlar otirg'iziladtug'in orinlar qaziqshalar menen belgilenedi.

Joqarida aytilg'an ta'rtipte eki qatardan otirg'izilg'anda ha'r bir ju'z pok.m jerge (ko'shenin' bir ta'repi ushin) to'mendegi mug'darda otirg'izilatug'in materiallar kerek; ag'ashlardin' na'llerinen 25-30 dana, putalardan 60-100 dana.

Transport ha'reketi turaqli bolmag'an ko'shelerde ko'klemzarlastiriw jumislarin jaylardin' aldilarina u'y aldi baqshalarin jasaw menen shekleniwgede boladi. A'dette olardin' uzinlig'i usatbalrdin' enine ten' bolip, al eni shama menen 3-5 m bolsa, boladi. Turaq jaylardin' ishi qarang'ilanbaw ushin u'y aldi baqshalarina qisinqi turiqtag'i onsha biyik o'speytug'in ag'ashlar (alma, almurt t.b) yamasa dekorativ putalar-siyren, jasmin, jimolost, sorodina, bryuchenalardi otirg'iziw kerek. Sonday-aq bul jerlerde kishkene gu'lzarliqlar jasaw menen

sheklensede boladi. Ag’ashlar bir-birinen 3-4 m, al putalar 1-1,5 m qashiqliqta egiledi.

Eger jag’daylar qolayli bolsa jeke u’yler yamasa bir neshe u’ylerdin’ aralarina ken’ turiq payda etetug’in klyon, yasen, qarag’ash siyaqli ag’ashlardan bir qatarlap otirg’iziw maqsetke muwapiq boladi. Sebebi, bunday etip ag’ashlardi egiw sa’nlik ushin g’ana emes, al o’rtke de qarsi gu’resiw a’hmiyetine iye.

Bulvarlar transportlar eki ta’repleme ha’reket etetug’in ken’ ko’shelerdin’ ortasinan jasaladi. Olar eki qatarli ag’ash tu’rlerinen yamasa eki qatar puta o’simliklerinen du’ziledi. Bunda putalar ko’she ta’repine otirg’iziladi. Bulvarlardi 5-6 ha’m onnanda ken’likte jasaydi. Olar piyadalardin’ ha’reket etiwi ushin xizmet etedi. Bulvarlardi jaswda da qa’dimgi ko’shelerdi ko’klemzarlastiriw ushin paydalanilg’an ag’ash ha’m putalardin’ na’lleri qollanilip olardin’ qatar araliqlari joqarida ko’rsetilgen qashiqliqta otirg’iziladi.

Ja’miyetlik jaylardin’ alding’i maydanlar jabilip qalmawi ushin biyik o’siwshi ag’ash o’simliklerin otirg’izbastan, olardin’ gazonlar, gu’lzarliqlar ha’m suliw gu’lleytug’in putalar menen ba’nt bolg’ani jaqsi. Iri biyik o’siwshi ag’ashlardi tek jaylardin’ aralarina ha’m artqi ta’repine otirg’iziwg’a ruxsat etiledi, sebebi ag’ashlar jaylarg’a ta’n jasil fon jasawi tiyis. Bunday maydanlar mazmuni boyinsh skverdi bezegendey etip ju’rgiziliwi tiyis (O’tenov ,1984).

**Vertikal tu’rde ko’klemzarlastiriw.** Vertikal tu’rde ko’klemzarlastiriwg’a diywallardi, balkonlardi ha’m aynalardi shirmatilip o’siwshi ha’m gu’lleytug’in o’simliklerdin’ ja’rdeminde ju’rgizilgen ko’klemzarlastiriwg’a tu’siniledi. Bul ko’shelerdi ha’m u’y aldi baqshalarin ko’klemzarlastiriwdin’ jumislarin tag’ida toliqtiradi. Eki qabatli jaylardin’ ko’she ta’repindegi diywallardin’ yarmina shekem qaplang’an o’simlikler shama menen sol jaydin’ aldina bir qatarlap otirg’izilg’an orta jastag’i ag’ashlardin’ jasil japiraqlar maydanina ten’ keledi.

Son’g’i waqitta vertikal tu’rde ko’klemzarlastiriw tek qalalarda g’ana emes, al awilliq elatli punkitlerde de ken’ qollaniwdi tappaqta. Usinda usillar menen besetkalardi, terrasalrdi, park ha’m skverlerdegi ashiq saxnalardi, sonday-aq turaq jaylardin’ ayna ha’m fasadlarin bezewge boladi.

Balkonlar ha'm aynalarg'a o'simliklerdi otirg'iziw uzinlig'i 1 m, eni 25 sm ha'm biyikligi 20-22 sm bolg'an arnawli otirg'iziw yashiklerinde ju'rgiziledi. Yshikti orninan ornalastirip ha'm bekkemlep bolg'annan keyin oni aziq-awqatqa bay topiraq penen toltiradi, bunda tpoiraqti jumsartiw ha'm suwg'ariw jumislarinda esapqa aliw kerek. Jaqti ko'birek tu'setug'in jerlerde, kanallar, flokslar, georginler ha'm gvozdikalar, al qaran'g'ilaw jerlerde balzaminler iyisli temeki, gortenziya ha'm sol siyaqli o'simliklerdi o'siriwge boladi.

Diywallar, tereskalar ha'm balkonlardi shirmatilip o'setug'in o'simlikler menen ko'klemzarlastiriwg'a vertikal tu'rde tartilip jiplerden, simlardan torlar yamasa jen'il ag'ashlardan ko'zgenekler (reshotka) ornatiliwi za'ru'r. Ko'zgenek ag'ashlardi balkondag'i na'l otirg'izilatug'in yachiktin' uzinlig'inday biyikligi ha'm eni 2-2.5 m etip sog'iw kerek. Jip ha'm simlar diywallardi boylap ha'r bir 40-50 sm araliqtan tartiladi. Tartilg'an yamasa arnawli sog'ilg'an torlar jaydin' diywalinan keminde 10-12 sm araliqta turiwi kerek.

Shirmatilip o'setug'in dekorativ bir jilliq o'simliklerden ipomey , nasturtsiya , al ko'p jilliq o'simliklerden amur ju'zimi,jabayi ju'zim ha'm qa'dimgi xmel o'simliklerin qollaniwg'a boladi.

Shirmatilip o'setug'in o'simliklerdi diywal ha'm terrassalardin' qasina otirg'izg'anda teren'ligi 50-60 sm etip jaqsi islengen topiraqqa o'simliklerdin' bir-birewinen qatar araliqlari 60-70 sm etip egiledi. Olar jiyi-jiyi suwg'ariladi. ha'm topirag'i mudami jumsartilip turiladi (14).

Jaz dawaminda o'simliklerdin' jaqsi rawajlaniwin ta'miyinlew ushin to'ginler aralastirilg'an suwlar menen aziqlandiriw kerek. A'sirese siyir da'risleri aralastirilg'an suwlar menen aziqlandirilg'an paydali. O'simliklerdin' o'siwine baylanisli shaqalarin tirewish retindegi tartilg'an jiplerge , simlarg'a yamasa arnawli sozilg'an ko'zgeneklerge baylanadi. Solay etip olardin' o'siwine ,samaldin' siniwinan qorg'awg'a ha'm quyash jaqtiliqlarinan jaqsi paydalaniwi ushin qolayli jag'daylar du'ziledi. Bulardan basqa quwrap qalg'an japiraqlardi ha'm gu'llerdi alip taslaw kerek.

**U'y qaptali uchastkalarin ko'klemzarlastiriw**. Awilliq jerlerde u'y qaptali uchastkasin ko'klemzarlastiriwdin' birden – bir tiykarg'i tu'ri jeke ma'pleri ushin paydalaniwg'a bo'lip berilgen uchastkalarg'a miywe bag'larin du'ziw bolip taniladi.

Miywe ag'ashlari menen jemisli putalar a'dette u'y qaptali uchastkasinin' bos maydaninin' en' keminde jartisin iyeleydi. Olardin' qalg'an bo'limi baqsha eginleri ushin bo'lip shig'ariladi. Miywe ag'ashlari tek g'ana ko'klemzarladtiriw a'xmiyetine iye bolip qoymastan , adamlardin' a'sirese jas balalardin' awqatlaniwi ushin baha'i o'nim bolip esaplanatug'in ko'p mug'dardag'i miywe jemislerdi beredi.

U'y qaptali uchastkasina miywe ag'ashlarin ha'm jemisli putalardi sanaatliq bag'larg'a qarag'anda tig'iziraq egedi. Misali : alma ha'm almurtlar 5x4 yamasa 6x4 m , al shiyeler 3x4 m araliqta egiledi.

**Mektep ha'm balalar baqshalarin ko'klemzarlastiriw**. Mektep qaptali uchaskasinda ko'klemzarliq jumislarin sho'lkemlestiriw tek g'ana sanitariyaliq – gigienaliq jaqtan g'ana emes , al oqiw ta'rbiyaliq a'hmiyetke de iye. Mektep qaptali uchaskasinda ko'klemzarlastiriw ha'm ha'm otirg'izilg'an ag'ashlardi baqlaw oqiwshilardin' praktikaliq ko'nigiwler ja'ne ta'biyat ilimleri tarawindag'i bilimlerin bayitadi, sonday-aq sabaqtan bos waqitlarin bul jerde o'tkeredi.

Mektep qaptali uchaskasi ko'plegen jag'daylarda baslawish mekteplerdin' qasinda 1.5 ga dan 2 ga shekem maydang'a iye boladi. Orta mekteplerdin' qasindag'i bunday maydanlardan sport maydanshasi , kishkene ko'lemdegi miywe-jemis bag'i ha'm baqsha, sonday-aq oqiw ta'jiriybe uchastkalari ushin orin ajiratiladi.

Mektep qaptali uchaskasinin' barliq sirtqi shegaralarina ag'ash tu'rlerinen' , ( aq terek, mayda japiraqli qarag'ash, klyon h.t.b.) 1-2 qatarli polosalar otirg'iziw , sonin' menen bul otirg'izilg'an ag'ashlardin' ko'she ta'repin puta o'simlikleri menen toliqtiriw kerek. Bul otirg'izilg'an o'simlikler shan'di jutip hawanin' pataslaniwin ha'm ko'shenin' shawqimin azaytadi.

Sport maydanshasinin’ a’tiraplarina ag’ash tu’rleri otirg’iziladi ha’m ko’p jilliq sho’pler egiledi. Mektep qaptali uchaskasinin’dag’i jollardin’ qaptallarina gu’lzarlar ha’m pa’s o’setug’in putalardan ushi shirpip kesilgen bordyrlar jasaladi.

Miywe bag’larinda mu’mkinshiligi bolg’aninsha jergilikli standartli assortimentke kirgen ko’birek bahali miywe ha’m jemis o’simliklerinin’ sortlarin egiw kerek, sebebi oqiwshilar o’zleri jasap turg’an jerinin’ jag’dayinda qanday miywe o’simliklerin o’siriwge bolatug’inin ha’m olardi qalay ta’rbiyalaw kerekligin biliwi za’ru’r.

Eger maydan jeterli bolsa , onda mektep qaptali uchastkasinda miywe bag’larinan basqa ju’da’ qziqli ha’m paydaliraq ag’ash-puta tu’rlerinen u’lken bolmag’an dendrariya yamasa ko’klemzarlastiriw ushin keyin egiwge paydalanilatug’in ba’ller o’siriw ushin kishkene maydanda ag’ashlar pitomnigin du’ziw paydali.

Mektep qaptalig’indag’i jasil ag’ashlar – bul janli laboratoriya bolip onda oqiwshilar ag’ashlar ha’m gu’llerdin’ tu’rleri menen tanisadi. “ Janli dostin’” a’hmiyetin ha’m ta’biyatti qorg’awdin’ za’ru’rliligin tu’sinedi. Mine usi ma’qsette ha’r bir mektep o’zlerinin’ a’tiraplarin jasil ag’ashlardi otirg’iziwdi sho’lkemlestiriwleri kerek.

Balalar bag’shalarin ha’m yaslilerin ko’klemzarlastiriw birinshi gezekte ishki territoriyani samal, shawqimnan ha’m shan’nan qorg’aytuginday etip sirtqi shegatralari boyinsha ken’ turiqli ag’ashlardan ha’m ko’plegen putalardan ( sirtqi ta’repine) 1-2 qatar qorg’aw polosalarin jasaw joli menen ju’rgiziledi. Jaylardin’ berenda ha’m terrasalarinin’ qasina gu’lzarlar ha’m gazonlar sho’lkemlestiriladi. Bunnan basqa bos jerlerge gruppalap yamasa jeke etip dekorativ ag’ashlar ha’m putalardin’ na’lleri otirg’iziladi,sebebi quyashli issi ku’nleri bul ag’ashlardin’ sayasi balalardin’ oynawina qolayli jag’day jasaydi.

**Emlewxanalardi ko’klemzarlastiriw**. Emlewxanalardi ha’m basqa da emlew mekemelerin qapatldag’i uchastkalardi ko’klemzarlastiriw tek g’ana dekarativlik g’ana emes, al sanitariyaliq-gigienaliq ahmiyetke iye. Emlewxanalardin’

territoriyalari samaldan, shan'nan ha'm shawqimnan qorg'alg'an boliwi kerek. Bul ushin onin' shegaralarina 2-3 qatarli tog'ay polosolari otirg'iziladi.

Bunnan keyin uchastkani eki bo'lekke bo'ledi. jaydin' aldi ta'repine ornalasqan birinshi bo'limi gu'ller, gazonlar ha'm pa'skeltek ag'ashlar menen gu'lleytug'in putalardin' gruppalarinan turatug'in u'lken emes skverlerge bo'linedi. Bul skver jaydin' fasadin ko'rsetedi ha'm kelip ketiwshilerdin' ku'tiw orni bolip esaplanadi.

Jaydin' artinda jaylasqan ekinshi bo'limi biytap adamlar dem alatug'in etip park tipinde alleyali tu'rinde jollardin' shetlerine putalardan otirg'iziladi, olardin' aralarina ag'ashlar ha'm suliw gu'lleytug'in putalar, gazonlar, gu'ller menen ko'klemzarlastiriladi.

Egiwdi usi ta'rtipte ju'rgiziw biytap adamlar ushin tek g'ana park bolip qoymastan ko'klemzarlastirilg'an uchastkanin' biraz bo'limi palatalardin' aynasinan ko'rinip turadi.

Bunnan basqa ha'r bir emlewxananin' qasinan miywe bag'alarin du'ziw maqsetke muwapiq boladi, onin' maqseti jasil ag'ashlardin' maydanin ko'beytiw menen birge awriwlardi miywe ha'm jemisler menen ta'miyinlewden ibarat.

**O'ndirislik ha'm mal sharwashiliq qurilislarin ko'klemzarlastiriw.**

O'ndirislik uchastkalarinda-mexanikaliq masteriskoylardi, garaj ha'm sklatlardi, sonday-aq malsharwashiliq jaylarinin' territoriyalarin ko'klemzarlastiriw olardi samaldan ha'm shan'nan saqlaw, jumis jag'daylarin jaqsilaw, mallardi jaqsi ku'tiw ushin ja'ne o'rtke qarsi gu'resiw maqsetinde ju'rgiziledi.

O'ndirislik sonday-aq malsharwashiliq uchastkalarinin' ba'rinde aldin biyik o'siwshi ag'ashlar ha'm putalardan ibarat 15-20m bolg'an tog'ay poloslari menen qorshaw kerek. Bunday polosa ishki territoriyani qurg'aq samallardan, shan'nan ha'm o'rtten isenimli qorg'aytug'in boladi. O'bdirislik uchastkalardin' ishi, janar-may skladalari ha'm sklad jaylari tog'ay ag'ashlari menen bo'lingen boliwi kerek, olar o'rttin' tiyiwinen jasil ag'ashlar menen isenimli tu'rde qorg'ang'an boliwi kerek. Bul jerlerde 3-5 qatarli ha'm puta ag'ashlarinin' polosalarin du'ziw za'ru'r.

Mal sharwashiliq jaylari jaylasqan uchastkada ayrim-ayrim fermalardin' aralarina ag'ashlar alleya tu'rinde egiledi, sonday-aq quyash nurinan ha'm samaldan qorg'aniw ushin mallar, quslar jayilip ju'retug'in saraylarda ag'ashlar menen qorg'aladi.

**Atiz sherteklerin ko'klemzarlastiriw.** A'dette ashiq dalada ornalasqan atiz sherteklerin samaldan ha'm issiliqtan qorg'aw ushin ag'ash tu'rleri menen putalardan ibarat 3-5 qatarli jasil polosalar menen qorshaladi, al olardin' ishinde gu'lzarlar, gazonlar ha'm dem aliw uchastkalari jasaladi. Atiz sherteklerinin' territoriyasinda tog'ay polosalarinin' qorg'awinda kishkene miywe bag'in: 5-7 tu'p alma, 10-12 tu'p shiye, 15-20 tu'p jemisli putalardi ha'm t.b otirg'iziw maqsetke muwapiq keledi. Bul mexanizator ha'm jumisshilarg'a jaz da'wrinde taza miywe-jemisleri menen paydalaniwg'a mu'mkinshilik beredi.

**Stadionlardi ko'klemzarlastiriw.** Stadionlar eki qatarli biyik ag'ash tu'rleri menen sirtqi ta'repi bir Qatar putalar menen alleyali polosa tu'rinde qorshaladi. Bunday polosa stadiondi samal ha'm shan'nan qorg'aydi, sonday-aq spotsimenler, tamashago'yler ushin dem aliw orni bolip tabiladi.

**Parkler ha'm skverler.** Awilliq elatli punkitlerde pa'rikler a'dette 2-3 ga shekemgi maydandi iyeleydi ha'm qa'de retinde klublar menen ma'deniyat u'ylerinin' janlarinan jasaladi. Da'riyalar, kanallar, ko'llerdin' boyinan park jasaw ju'da' na'tiyjeli boladi. Skverler ayrim u'lken bolmag'an bos uchastkalarda a'dette 0,1-0,5 ga shekemgi maydanlarg'a jaylasqan.

Parkler ag'ash-puta tirlerinen, gu'lzarliqlardan ha'm gazonlardan turadi, olardin' aralrina balalar, sport ha'm oyin maydanlari, jazg'i kinoteatr t.b jaylasadi. Skverler bolsa a'dette bir qatarlap ha'm gruppalap egilgen ag'ash ha'm puta tu'rlerden gu'llerdi klumbasinan ja'ne u'lken emes maydandag'i gazonlarda jaylasadi.

Parkler ha'm skverlerdi jobalastiriw ko'binese eki tu'rli: geometriyaliq yamasa reguliyarli ha'm ta'biyiy yamasa landshaftli boladi. Parkti regulyarli planlastiriw waqtinda jollar tuwra siziq boyinsha ju'rgiziledi ha'm jasil ag'ashlar duris geometriyaliq figuralar jasawi, sonin' menen birge ag'ashlar, putalarda bul jerlerde

tuwri siziq boyinsha otirg'iziliwi kerek. U'lken bolmag'an parkler ha'm skverlerdi regulyarli tu'rde planlastirilg'an tu'rde maqsetke muwapiq boladi, sebebi bunday uchastkalardi bo'liw anag'urlim an'sat ha'm tez boladi.

Landshaftli jobalastiriwda ag'ashlardi, gu'llerdi ha'm gazonlardi erkin jaylastiriliwi, al jollar parktin' territoriyasin duris emes figurag'a bo'liwi xarakterli. Bunday sxema boyinsha ju'da' u'lken parkler bo'linedi.

Parklerde da'slep ag'ashlar ju'da' tig'iz otirg'iziliwin qollaniw kerek. Son' ag'ashlar bir-biriwine saya tu'sire baslag'an waqitta maydanda na'ller ko'terilip alinadi, al ju'da' u'lken jastag'ilari qoparip alip taslanadi.

Qa'de retinde ag'ash ha'm puta o'simliklerin otirg'izg'an waqitta tez o'setug'in tu'rlerdi ekinshi plang'a , a'ste o'setug'inlardi onnan son'g'i, al putalardi jollardan qashiq emes jerlerge arnawli gruppalap otirg'ziw kerek.

Park ha'm skberlerdin' sirtqi shegaralari boyinsha putalardan' islengen jayli qoradan ( jiboy izgorod) basqa olardi qorg'aw polosalari xizmetin atqaratug'inday etip biyik o'setug'in ag'ashlardan bir eki qatar otirg'iziw ma'xsetke muwapiq keledi.

Ag'ash ha'm puta o'simliklerinen , jeke turg'an ag'ashlardin' bag'anasinin' atirapinan basqa barliq bos jerler gazonlari menen ba'nt boliwi kerek. Awilliq parklerde da'nli ot-sho'plerden ko'pjilliq a'piwayi gazonlar jasaw ma'qsetke muwapiq boladi.

Gazonlar ushin ig'alliqqa az talapshan', qurg'aqshiliqqa jaqsi shidaytug'in onnan basqa suwiqqa shidamlilig'i menen , qalin' tu'pleytug'in ha'm jaz ma'wsimi dawaminda tez o'siwshiligi menen ajiralatug'in ot-sho'plerdi tan'lap aliw kerek.

Gazonlardi jaqsisi eki-u'sh ot-sho'pler tu'rlerinin' aralaspasinan jasag'an jaqsi, sebebi bunlay gazonlar az siyreklenedi ha'm birneshe jil dawaminda xizmet atqaradi. Ot-sho'plerdi egiw formasi a'dettegi atiz jag'dayina qarag'anda bir qansha ko'birek qollaniw kerek.

Jollarg'a otaq-sho'pler shig'ip ketpesligi ha'm jawinnan keyin tez ko'beyiwi ushin olardi bir jag'ina do'n'eslew etip forma beredi.

Ha’r bir alleyanin’ qaptalina a’dette qandayda bolamasin bir o’simlik tu’rinen otirg’iziladi, a’sirese alleyalar bir o’simlik tu’ri menen bezeliwi tiyis.

Parktin’ orayinda a’dette orayliq gu’lzarliq bolg’an maydansha ajiratiladi, og’an barliq alleyalar ha’m jollar kelip qosiladi.

Parklaerdi ha’m skverlerdi du’ziwden aldin ondag’i jollardin’, maydanshalardin’ ha’m ko’klemzarlastiriwdin’, barliq tu’rlerinin’ proyekti du’ziledi. Jan’a sho’lkemlesken elatli punktlerde bunday proekt bunday poselkani jobalastiriw ha’m abadanlastiriwdin’ uliwma proekti menen bir waqitta du’ziledi, al burin bar elatli punktlerde jergilikli qa’nigeler jer-o’lshegish, bashban yamasa bag’ban, agranom, mekteptin’ mug’a’llimlerinin’ qatnasiwinda, sonday-aq ko’klemzarlastiriw islep shig’iladi.

Parklerde proekitlengen waqitta ko’klemzarlastiriw ushin ag’ashlardin’, gulzarlardin’ ha’m gazonlardin’ maydanin, ko’klem esapqa aliw kerek. Iri parklerde o’simlikler ushin maydannin’ 80 % ke shekemgi, al jollar ha’m maydanshalar ushin 20 % ten ko’p emes jerin bo’lip shig’arg’an maqsetke muwapiq keledi. Kishkene parklerde ha’m skverlerde o’simlikler ushin 40 % ke shekem, al jollar ha’m maydanshalr ushin 60 % ke jaqin maydan bo’lip shig’ariladi. Parkler ha’m skverlerde jaqsi sayamanli ag’ashlar bar jerlerde otirip la’zzetlenetug’in dem aliw mu’yeshin jasaw za’ru’r.

Kishkene parkler ha’m skverlerde putaqlar ha’m ko’p boliwi, bir gektar jerge 300-600 tu’p ag’ash 1500-3000 tu’p putalar otirg’iziliwi tiyis.

Janli qoralar birdey putalardan: qarag’ana, boyarishnik, shipovnik, biryuchina, tatar shimolosti, spireya, kizilnik usag’an tu’rlerden jasaladi.

O’simliklerdi gruppalap yamasa ag’ash ha’m putalardi jeke-jeke ornalastirg’anda tek g’ana jerdin’ klimatliq ha’m topiraq jag’daylarina g’ana emes, al o’simliklerdin’ biologiyaliq ha’m dekorativlik o’zgesheliklerinde esapqa aliw kerek. Bunnan basqa jasil ag’ashlardin’ keleshekte, bir neshe jildan keyin qanday bolatug’inin ko’z aldina elestiriw ju’da’ a’hmiyetli. Bul parked o’simliklerdi anag’urlim duris ornalastiriwg’a, uchastkanin’ jag’dayinan ha’m o’simliklerdin’ o’zgesheliklerinen ju’da’ na’tiyjeli paydalaniwg’a mu’mkinshilik beredi.

Parklerdi ha’m skverlerdi du’ziwge na’llerdi egiwden baslag’an maqul. Bul jag’dayda tez o’siwshi ag’ash tu’rlerinen terekler, yasen japiraqlari klen, mayda japiraqli qarag’ash, 3-4 jildan keyin ortasha ha’m a’ste o’siwshi ag’ash tereklerden yasenler, almalar 6-8 jilda, putalardin’ ko’pshiligi otirg’izilg’annan keyin ekinshi yamasa u’shinshi jili-aq gazonlar egiwden keyin ekinshi jili ko’klemzarlastiriw isnde toliq bahali na’tiyjeni beredi. Bul mu’ddetler tek klimatliq jag’daylarg’a baylanisli bolip qoymastan, tiykarg’i agrotexnikag’a ha’m ku’timgede baylanisli. A’sirese ko’klemarlastiriw ushin egilgen barliq ag’ashlar suwg’arg’an jag’dayda ju’da’ jaqsi o’sedi (Kabulov,1978).

Parkler ha’m skverlerge na’lshelerdi de egiwge boladi. Bunda parktin’ territoriyasinda tiykarg’i alleyalar ha’m maydanlar bo’linip alinadi, al qalg’an uchastkalarg’a qa’dimgi ag’ash ha’m putalardin’ na’lsheleri otig’iziladi. Bunnan keyin parktin’ barliq maydani qorshaladi ha’m 3-5 jilg’a shekem ag’ash o’simlikleri u’lkeyemen degenshe park jabiladi. Usi jillar ishinde otirg’izilg’an ag’ashlarg’a muqiyatli ta’rbiya-otaq sho’plerdi joq etiw, ag’ashlardin’ tu’plerin bosatiw, suwg’ariw siyaqli ta’rbiya beriledi.

**Suw saqlag’ishlardi ko’klemzarlastiriw.** Suw saqlag’ishlardin’ sanitariyaliq-gigenaliq a’hmiyeti hawanin’ temperatuira rejimin ha’m ig’allig’in ko’beytiwdi o’zgertiwden ibarat. Jasil ag’ashlar menen birgelikte olar adamlardin’ jaqsi dem aliwi ushin qolayli jag’daylar jasaydi.

Suw saqlag’ishlardin’ boyindag’i tog’ay ag’ashlari olardi qayir tebiwden qorg’aydi ha’m suwdin’ puwlawin kemeytedi.

Ha’wizlerdi ko’klemzarlastiriwda bir qa’liptegi tegis “paqsa” lar tu’rinde jasil ag’ashlardi otirg’iziw emes, al ayrim tu’rdegi biyik o’siwshi, pa’s o’siwshi turqi ha’m japiraqlari ha’r qiyli formadag’i suliw ko’rinisli ag’ash ha’m putalardi otirg’iziw ko’birek na’tiyje beredi. Bul suliw ha’m de a’tirapta kewililik tuwdiradi.

Bizin’ jag’dayimizda suw saqlag’ishlardi ko’klemzarlastiriwdin’ tiykarg’i ag’ash tu’rleri bolip ko’k terekler, gu’jim, ag’ash ta’rizli tallar, birnshi na’wbette qara tallar ha’m puta siyaqli tallardan da’riyanin’ boyinda o’siwshi u’y tal ha’m shig’ir tallar bolip tabiladi.

Sonday-aq ha’wizlerdin’ boylarinda basqa tu’r ag’ashlardan qarag’ash ha’m tatar klyoni jaqsi o’sedi .

Suw saqlag’ishlarda ba’ha’rde suwdin’ a’dette birden ku’shli ko’terilip ketip jag’alarda egilgen ag’ashlardi suw basip ketiwi mu’mkin. Sonin’ ushin barliq ag’ash tu’rleri uzaq suw basqinina shidamaytug’inlig’inda esapqa aliw kerek. Baqlawlardin’ ko’rsetiwinshe tallar suw tasqinina 60-70 ku’nge shekem, terekler 30-40, qarag’ash 20, klyon ha’m yasenler 10-15 ku’nge shekem shidaydi eken.

Ha’wizlerdin’ jag’alarina ag’ash ha’m putalar ko’binese gu’zde egiledi, tik jar ha’m suw almaytug’in jag’alarg’a erte ba’ha’rde ag’ashlardi otirg’iziw maqsetke muwapiq keledi.

Puta ha’m ag’ash ta’rizli tallar suwdin’ kelip turg’an qa’ddine topiraqti islewsiz 30 sm uzinliqtag’i qa’lemsheler menen otirg’iziladi. Onnan joqarig’a barliq ag’ashlar ha’m putali ag’ashlar tu’rlerin otirg’iziw jaqsi islenge japiraqlarda ju’rgiziledi. Ag’ashlar egilip ko’klemzarlastirilatug’in jag’islarg’a tamir shig’arg’an qa’lemshelerdi otirg’iziwg’a ruxsat etiledi.

Puta ta’rizli tallar qatarg’a 1-1,5 m den, al qatradag’i qa’lemsheler 0,5-0,7 m barliq basqa o’simlikler qatarg’a 0,1-1 m , qatar aralari 2,5-3 , den ornalastiriladi.

Birinshi 2-4 jil ishinde otirg’izilg’an ag’ashlardi ta’rbiyalaw jumislari otaq sho’plerdi joq etiw ha’m topiraqti bosatiwdan ibarat.

Puta ta’rizli tallarda ko’birek shaqalar payda etiw ushin otirg’izilg’an birinshi jili gu’zde, gellekleniw ju’rgizilgen maqsetke muwapiq keledi.

I.E. Jabbarovanin’ ( 2010) Jizzax qalasinin’ dekorativ o’simliklerinin’ a’hmiyeti ha’m B.Kurbaniyazovtin’(2010) Qaraqalpagqstandag’i ayirim dekorativ o’simlikleri tuwrali magliwmatlarinda ayriqsha atap o’tilgen.

To’mendegi sxemada qala ha’m awillardi ko’klemzarlastiriwdin’ tu’rleri berilgen bolip, olar adebiy mag’liwmatlar tiykarinda du’zildi.

**Qala ha'm awillardi ko'klemzarlastiriwdin' ti'rleri**

| | |
|---|---|
| Ko'shelerge otirg'izilatug'in ag'ashlar | Vertikal tu'rde ko'klemzarlastiriw |
| U'y qaptali uchastkalarin | Mektep ha'm balalar baqshalarin |
| Emlewxanalardi | O'ndirislik ha'm mal sharwashiliq qurilislarin |
| Atiz sherteklerin | Stadionlardi |
| Parkler ha'm skverler | Suw saqlag'ishlardi |

## 1.2.Ag’ash ha’m puta o’simlik tu’rlerinin’ qurami

Ko’klemzarlastiriwdin’ tiykarina gu’lzarlar menen gazonlardi esaplamag’anda ha’mme waqitta ag’ash ha’m puta o’simlikleri tutadi. Jasil ag’ashlardin’ ha’rqiyli tu’leri ha’m formalarinin’ qurami qansha duris ha’m maqsetke muwapiq tan’lansa olardi sonsha qurilistin’ tili menen u’ylesedi ha’m ko’klemzarlastiriw jumislarida tabisli boladi.

Ko’klemzarlastiriwda qollanilatug’in ag’ash ha’m puta o’simlikleri o’zinin’ biologiyaliq qa’siyetleri boyinsha ko’klemzarlastirilatug’in rayonnin’ klimatliq, sonday-aq topiraq jag’daylarida sa’ykes keliwi kerek. Ag’ash ha’m puta o’simlikleri klimat, topiraq ha’m ekologiyaliq jag’daylarg’a birqiyli bolip kele bermeydi. Ag’ash tu’rleri jaqtiliqti su’yiwshi sayag’a shidamli, jilliliqti su’yiwshi ha’m suwiqqa shidamli, issiliqti su’yiwshi ha’m issiliqqa shidamsiz, duzg’a shidamli ha’m duzg’a shidamsiz, t.b bolip tabiladi.

Ta’biyiy jag’dayda ortasha izg’arliqti, jeterli topiraqlarda emen, qa’dimgi yasen, qayin, qa’dimgi vyaz, su’yir japiraqli klyon, tog’ay almasi ha’m basqada ag’ash-puta o’simlikleri jaqsi o’sedi. Izg’arlig’i jetkiliksiz topiraqtin’ qunarlig’in onsha talap etpeytug’in ha’m qurg’aqliqqa shidamli aq akatsiya, vyaz peristovetvistiy, qa’dimgi almurt, aq tut, jiyde, jin’g’illar h.t.b o’siwi mu’mkin. Bul tu’rler shorlang’an jerlergede shidaml i ( Sagitov,1981).

Jasalma tog’aylardi jasaw ushin ha’m olardin’ keleshekte o’siwine duris agrotexnika ha’m o’z waqtinda jetkilikli normada suwg’ariw ilajlarin ju’rgiziw u’lken a’hmiyetke iye boliwg’a, o’simliklerdin’ o’sip rawajlaniwi ushin qolayli jag’daylar jasawg’a mu’mkinshilik beredi.

Ko’klemzarlastiriw ag’ashlarin payda etiw ushin tek g’ana ag’ash-puta tu’rlerinin’ topiraq ha’m klimat jag’daylarina qatnasin g’ana emes, sonin’ menen birge olardin’ o’siw tezligin, jaqtiliqti su’yiwshiligin yamasa sayag’a shidamlilig’in, suwiqqa shidamlilig’in, gazlerge, tu’tinlerge, shan’larg’a qatnasin h.t.b esaplaw kerek.

Ko’klemzarlastiriwdin’ tiykarg’i jasil ag’ashlari duris tan’lap aliwg’a ha’m olardin’ dekorativlik, biologiyaliq o’zgesheliklerin jaqsi biliwge de baylanisli. Ha’r qiyli ag’ash tu’rlerin birge ekkende ayrim jag’daylarda jaqsi na’tiyje beredi, al ekinshi jag’dayda kerisinshe ag’ashlar bir-birin qisiwidan qurg’apta qaladi. Demek, ag’ashlardi aralastirip otirg’izg’anda olardin’ bir-birine o’z-ara ta’sirin esapqa aliw kerek. Eger jasil qurilista tez ha’m a’ste o’siwshi ag’ash tu’rleri, misali aq terek, tal ha’m yasen aralastirilip otirg’izilsa, onda bul duris ko’rinis (peyzaj) jasamaydi. Sonliqta o’siw tezligi, jasaw mu’ddeti bir-birine jaqin tu’rlerdi saylap aliw kerek.

Parkler ushin ag’ash tu’rlerin tan’lap aliwda ha’r qiyli mu’ddetlerde gu’lleytug’in ha’m miyweleytug’in japiraqlarinin’ formalari ha’m ren’leri tu’rlishe bolg’an o’simliklerdi tan’lap alg’an maqul (O’tenov,1987).

Tez o’siwshi ag’ash tu’rlerine terekler aq akatsiya, vyaz peristovetstiviy, gledichiya, erik, tut h.t jatadi.

A’ste o’siwshi tu’rlerge shirsha, qarag’ay ha’m basqalar jatadi.

Aq akatsiya, gledichiya , yasen , terekler , tut , almurt jaqtiliqti su’yiwshi , sol waqitta shiye , tatar klyoni , lala ha’m jasil japiraqli klyon ,bruchina tu’rleri sayag’a shidamli bolip keledi.

Shan’larg’a , gazlerge qatnasi boyinsha iyne japiraqli ag’ash tu’rleri (tuya, biota , mojjebelnik) japiraqli ag’ashlarg’a qarag’anda da shidamli keledi, sebebi olarda japirag’i ( xboyi) jil dawaminda boladi , al japiraqli ag’ash tu’rlerinde tu’sip qaladi. Japiraqli ag’ash tu’rlerinin’ ishinde japiraqlari kiyiz ta’rizli tu’ksheler menen qaplang’an tu’rler ju’da’ shidamli keledi.

Ag’ashlardag’i eski japiraqlar jas japiraqlarg’a qarag’anda shan’di 1.6-3.7 ese ko’p tutatug’inlig’i ta’jiriybede da’lillengen.Gazlerge az shidamli tu’rlerge qa’dimgi yasen , siren ha’m t.b. jatadi.

O’simliklerdin’ topiraqqa , klimatqa, ig’alliliqqa shorlaniwg’a , o’siw tezligine ,jaqtiliqti su’eiwshilik , sayag’a shidamliliq , qurg’aqqa shidamliliq , keselliklerge qarsi immunitet , gazlerge ,tu’tinlerge ha’m shan’larg’a qatnasi , ushlarin qirqiwg’a beyimlesiwi nart tamirlar beriwshilik , japiraqlarinin’ qabiqlarinin’ shaqalarinin’ ,

gu’llerinin’ miywelerinin’ ha’m t.b.  ha’r tu’rli tu’ske iye boliw qa’siyetlerinin’ barlig’i agash puta turlerin tanlawda , ornalastiriwda ha’m uylestiriwdw aniqlawshi faktorlar bolip tabiladi.

Jasal ag’ashlar zonasin jasaw menen birgelikte Qaraqalpaqstan Respublikasinin’ elatli punktlerinin’ territoriyalarin vertikal tu’rde ko’klemzarlastiriwda u’lken a’hmiyetke iye. Vertikal ko’klemzarlastiriw jaylardi jazg’i issiliqtan saqlaw menen birlikte ko’klemzarlastiriwdin’  arxitekturaliq ko’rkemlik qosimsha ilajlardin’ biri bolip tabiladi.

Qala ha’m elatli punktlerdin’ turg’inlari parklerde, bag’larda ha’m skberlerde skameykalar menen besedkalar ornatip, turaq jaylarinin’ berenda ha’m balkonlarinda o’rmelewshi o’simlikti jabayi ju’zim , xmel aktinidiya , pa’shek gu’l t.b. menen ko’klemzarlastirip sonin’ menen birgelikte jasil massiblerdi , jaylardi bezeydi , ko’klemzarlastiriw islerin tezletedi ha’m u’y jaylardi ku’nnin’ qapiriq issilarinan saqlaydi (9).

Qaraqalpaqstan Respublikasinin’ qurg’aq klimatli jag’dayinda elatli punktlerdi sheber ha’m duris ko’klemzarlastirg’anda jazg’i hawanin’ temperaturasin to’menletetug’in, ig’alliqti arttiratug’in, jil ma’wsiminin’ barliq  da’wirlerinde samaldin’ ha’m shan’nin’ ha’reket tezligin pa’seytetug’in jasil zonalar du’ziwge boladi. Bulardin’ ha’mmesi adamlardin’ densawlig’ina , olardin’ jasawina paydali ta’sirlerin tiygizedi .

## 2-bap. Qaraqalpaqstan Respublikasının' topıraq klimat sha'riyatları

### 2.1. Qarakalpaqstan Respublikasının' topıraq quramı.

Qaraqalpaqstan Respublikasının' ko'pshilik territoriyası geologiyalıq ko'z qarastan Turan platformasının' ajıralmas bir bo'legi. Ol tek tektonikalıq ta'repten a'yyemgi eralardan beri turg'ın bolıp qalg'an, h'a'reketsiz, turaqlı territoriya.

Qaraqalpaqstan Respublikası topıraq qatlamları, klimati keskin kontenental, sho'l klimatı sharayatında payda bolg'an. Biraqta Respublikamızdın' barlıq jerlerinde to'rtinshi da'wirde derlik birgelikli klimat sharayatı bolg'an ekenligine qaramastan, territoriya boyınsha, topıraq payda bolg'an taw jınıslarının' bir tegis jaylaspawı sebepli, onda h'a'r qıylı topıraq tu'rlerin payda etken (Matmuratov,1987).

Topıraq payda bolıw protsessi h'a'm olardın' rawajlanıwında jer astı suwları qa'ddinin' territoriya boyınsha h'a'r qıylı ekenligide u'lken rol oynag'an. Sonlıqtan da topıraq payda bolg'an taw jınısı, u'shinshi da'wir ten'iz jatqızıg'ı esaplanatıg'ın a'yyemgi qaldıq platoları h'a'm u'stirtkelerdegi topıraqlar menen to'rtinshi da'wirdegi da'rya h'a'm ko'l jatqızıqlarında payda bolg'an topıraq qatlamların salıstırsaq, olar bir-biri menen keskin parıq qıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikasındag'ı ko'pshilik topıraq qatlamları o'zimizdegi diyxanshılıq maqsetinde ken' mashtabta paydalanılıp atırg'an basqa topıraqlardan mineral zatlarg'a bay, al organik zatlarg'a jarlılıg'ı menen ajıralıp turadı.Territoriyada jıllıq jawın shashın mug'darının' h'a'dden tisqarı az bolıp, al og'an qarag'anda jıllıq puwlanıw mu'mkinshiliginin' bir neshe ese ko'p ekenliginen topıraqtın' betinde ju'da' ko'p mug'dardaduzlardın' toplanıp qalıwı Respublikamızda ushırasatug'ın topıraqlarg'a ta'n bolg'an qasiyetlerdin' biri.

Qaraqalpaqstan Respublikası geografiyalıq jaylasqan ornı boyınsha sho'l zonasına tuwra keletug'ınlıg'ınan, onın' zonallıq topırag'ı ***boz topıraq*** biraqta topıraqtın' payda bolıwı h'a'm rawajlanıwı A'miwda'rya menen tıg'ız baylanıslı territoriya esaplanatug'ın da'rya deltası o'zine xarakterli alliyuvial topıraqları menen ajıralıp turadı.

***Batpaqlı topıraqlar*** deltasındag'ı topıraqlardın' basqa tu'rlerine qarag'andı ıg'allanıw rejiminin' barqulla jetkilikli bolıwı menen xarakterlenedi. O'ytkeni ba'rqulla topıraqlarda jer astı suwlarının' qa'ddi topıraqtın' betine jaqın jaylasqan boladı. Batpaqlı topıraqlar ushıraytug'ın jerler A'miwda'rya suw tasqını bolatug'ın aylarda birinshi na'wbette suw alıw qa'wpı turatug'ın territoriyalar. Sonlıqtan da batpaqlı topıraqlarda tirishilik ushın kislorodtın' jetispewshiligi ku'tiledi. Usıg'an baylanıslı bul tu'rdegi topıraqlarda o'simliklerdin' tamır sisteması ko'binese onın' tek joqarı qabatı g'ana jaqsı rawajlanadı. *Batpaqlı* otlaqlı topıraqlar oypatlıqlardın' janbawırlarında, A'miwda'rya h'a'm onın' tarmaqlarının' an'g'arlarına jaqın jaylasqan jerlerdegi biyikliklew uchastkalarg'a xarakterli. Olar otlaqlı topıraqlardın' ishindegi jergilikli kishi-girim oypawıtlarda da ushıraydı. Batpaqlı otlaqlı topıraqlarg'a da, batpaqlı topıraqlar usap, jer astı suwlarının' jerdin' betine jaqın jaylasqan ekenligi xarakterli.

Ma'selen. A'miwda'ryanın' h'a'rekettegi deltası jaylasqan territoriyada batpaqlı h'a'm batpaqlı-otlaqlı topıraqlardın' ishinde, otlaqlı-taqırlı topıraqlar ushıraytug'ın iri massivlerdi ajıratıwg'a boladı.

***Otlaqlı topıraqlar*** ko'binese Respublikamızdag'ı barlıq suwg'arıw tawlarının' a'tiraplarında ushıraydı. Olar A'miwda'rwnın' deltasındag'ı h'a'zirgi irrigatsiyalıq jer fondının' tiykarın quraydı.

Otlaqlı topıraqlar ushıraytug'ın jerlerde jer astı suwları teren' jaylasqan bolıp, olar jerdin' betinen 1-3 metr teren'likte boladı. Sonlıqtan da bul tu'rdegi topıraqlar jer astı suwları mene ba'rqulla baylanısta boladı.

Qaraqalpaqstan Respublikasınadag'ı otlaqtı topıraqlardın' derlik h'a'mmesı h'a'zirgi waqıtta diyxanshılıq ushın paydalanıp otırg'an jerler. Otlaqlı topıraqlar batpaqlı h'a'm otlaqlı-batpaqlı topıraqlarg'a usap gidromorflı topıraqlar gruppasına kiretug'ın bolg'anlıqtan, A'miwda'ryanın' basqa topıraq tu'rlerine qarag'anda olar diyxanshılıq ko'z qarasınan o'zine xarakterli o'zgeshelikleri menen parq qıladı. Usı tu'rdegi topıraqlarda diyxanshılıqtan normal, turaqlı zu'ra'a't alıw ushın en' birinshi na'wbette jer astı suwları qa'ddinin' ko'teriliwine mu'mkinshilik

bermey, al batpaqlı h'a'm otlaqlı-batpaqlı topıraqlarda bolsa, h'a'tteki jer astı suwları qa'ddinin' to'men tu'siriliwi ushın ilajlar qollanılıwı za'ru'r.

Ekinshi, bul tu'rdegi topıraqlar jer astı suwları menen ba'rqulla baylanısta bolatug'ınlıg'ınan, sho'l klimatlı sharayatında topıraqtın' betinde duz toplanıp qalıwına mu'mkinshilik tuwıla beredi. Og'an qarsı agrotexnikalıq ilajlar qollanılmag'an jag'dayda, bunday tu'rdegi topıraqlardın' ishindegi kebirlerdin' payda bolıwı da itimal. Batpaqlı, batpaqlı-otlaqlı h'a'm otlaqlı topıraqlar Qaraqalpaqstan Respublikasının' territoriyasında 1 mln. 93 mın' gektar jerdi iyelep, ol pu'tkil Respublikadag'ı topıraqlardın' jaylasqan maydanının' 8.1% in quraydı. Olardın' ishinde diyxanshılıq ko'z qarasınan ju'da' a'h'miyetli otlaqlı topıraqlar. Olar Respublikada 500 mın' gektarg'a shamalas territoriyada ushıraydı.

***Otlaqlı taqırlı*** topıraqlar otlaqlı topıraqlardın' a'tirapında ju'da' tar polosada jaylasqan. Tek A'miwda'ryanın' h'a'zirgi an'g'arının' boylarındag'ı u'lken bolmag'an maydanı g'ana tog'ay o'simlikleri qaplap atırg'an tın' jerler esaplanadı. Otaqlı-taqırlı topıraqlar Qaraqalpaqstan Respublikasında 271 mın' gektar maydandı iyeleydi.

***Taqırlı topıraqlar*** Respublikamızdag'ı h'a'zirgi waqıtta diyxanshılıq zonasınan sırtta jaylasqan. Taqırlı topıraqlar ko'binese A'miwda'ryanın' deltasının' arqa-shıg'ıs, batıs h'a'm tu'slik-shıg'ıs bo'limlerinde ken' tarqalg'an. Ulıwma alg'anda, taqırlı topıraqlar A'miwda'rya deltasındag'ı ju'da' ko'birek tarqalg'an topıraqlar tu'rine
kiredi. Olar pu'tkil Qaraqalpaqstan territoriyasında 907 mın' gektar maydandı iyelep jatır. Ol otlaqlı topıraqlardın' iyelegen maydanına qarag'anda eki ese ko'p degen so'z. Biraq bu'gingi ku'nge shekem olardın' tek ku'ta' az bo'limi g'ana diyxanshılıq ushın o'zlestirilgen. Respublikamızdag'ı ku'ta' perspektivalı territoriyalar esaplaradı.

***Taqırlar***- A'miwda'rya deltasında, ko'binese takırlı topıraqlar jaylasqan massivlerde h'a'r jerde ataw-ataw tu'rinde ushıraydı. Taqırlardı Qaraqalpaqstan U'stirti h'a'm Qızılqumda da ko'plep ushıratuwg'a boladı. Taqırlar pu'tkil

Qaraqalpaqstan Respublikası territoriyasında 33 mın' gektar maydandı iyeleydi. Taqırlar diyxanshılıq ko'z qarasınan o'zlestiriwge ku'ta' qıyın uchastkalar.

Topıraq ele jaqsı rawajlanbag'an espe qumlar h'a'm qum massivleri Respublikamızda 2 mln 164 mın gektar maydandı iyeleydi. Olardın' ko'pshilik bo'limi Qaraqalpaqstan Qızılqumına tuwrı keledi. Al A'miwda'ryanın' deltası h'a'm Qaraqalpaqstan U'stu'rtinde bolsa olar tek h'a'r jer h'a'r jerde g'ana qum massivlerin payda etedi. Qaraqalpaqstan Respublikasında kebirler daq tu'rinde onın' barlıq territoriyasında da ushıraydı. Kebirler Qaraqalpaqstan U'stu'rti, a'sirese qazanshuqırlar menen oypawıtlarının' ultanına xarakterli. Al Qaraqalpaqstan Qızılqumına bolsa, ol ko'binese Aral ten'izi jag'asındag'ı polosada ushıraydı.

***Kebirlikler***- a'dette A'miwda'ryanın' deltasındag'ı topıraqlardın' barlıq tu'rlerinin' ishinde de, biraqta ku'ta' kishi mashtabta ushıraydı. Kebirler pu'tkil Qaraqalpaqstan Respublikası jer fondının' 4.7 % in iyelep 635.000 ga maydandı o'z ishine aladı. İyelegen maydanı boyınsha Respublikamızda sur-qon'ır topıraqlar birinshi orında turadı. Bul tu'rdegi topıraqlar ataw-ataw tu'rinde a'yyemgi qaldıq taw esaplanatug'ın Sultan Ua'yis tawı, Beltaw, Qusxanataw, Qızıljar, Qırantaw u'sturtliklerinde ushıraydı. Al olardın' ken' mashtabta tarqalıwı Qaraqalpaqstan U'stu'rtine xarakterli.

***Sur topıraqlar*** Qaraqalpaqstan U'stu'rtinın' Aral ten'izi jag'asındag'ı arqadan tu'slikke 1500 km, al Aral ten'izinen batısqa qaray 200 km ge sozılg'an polosada h'a'm barlıq qazanshuqırlar menen oypawıtlardın' janbawırlarında, Qarabawır, Tu'slik U'stu'rt, Qassarma u'stu'rtinin' barlıq jerlerinde ushıraydı. A'lbette bul tiptegi topıraqlar onsha qalın' bolmaydı. Ol mexanik sostavı boyınsha Qaraqalpaqstan U'stu'rtinde ko'binese taslı h'a'm sazlı bolıp keledi. Sur-qon'ır topıraqlar Respublikamızda qurg'aqlıq territoriyanın' yarımınan ko'birek jerinde ushıraydı. Olardın' iyelegen maydanı 6 mln 917 mın' gektar. Sho'l zonasındagı boz topıraqlar tu'rine kiretug'ın qumlı topıraqlar ken' mashtabda Qaraqalpaqstan Qızılqumında, al A'miwda'rya deltası menen Qaraqalpaqstan U'stu'rtinde bolsa olar kishi ko'lemde h'a'r jerde jaylasqan qum massivlerine xarakterli.

## 2.2. Qaraqalpaqstan Respublikasinin’ klimat o’zgeshelikleri

Qaraqalpaqstan Respublikasinin’ klimat o’zgeshelikleri keskin kontinentallig’i menen xarakterlenedi.

A’mydaryanin’ to’mengi deltasinda jazi issi ha’wasi qurg’aq, turaqli ashiq ku’nleri ko’p, sutkaliq temperaturasi keskin o’zgerip turadi.

Qisi O’bekstannin’ basqa bo’limlerine qarag’anda suwiq. Bul territoriyada ko’binese arqanin’ suwiq hawa massasi u’stemlik etedi.

Jawin-shashinin’ jilliq mug’dari deltanin’ arqa bo’liminde 100-110 mm boladi. Bular ko’binese ba’ha’rde ha’m qista tu’sedi.

Qardin’ jabiwi turaqli emes, al ayirim jillar jawmay da qaladi.

Iga’lliqtin’ mug’dari boyinsha bul jerler O’zbekistannin’ en’ qurg’aq bo’limi bolip esaplanadi.

Hawanin’ ortasha temperaturasi jazda (iyul) arqada 26 C, al tu’slikte 28,2 C maksimal temperatura 43 C-44 C issi. Minimal temperaturasi ayirim jillari 32 C qa shekem to’menleydi.

O’simliklerdin’ vegetatsiya da’wiri (temperaturasi 5 C tan joqari), 219-230 ko’kke soziladi.

A’miwda’ryanin’ shep jag’alawlari, xojeli rayoninin’ aymag’inda jaylasqan topiraqlar. A’miwda’ryanin’ shep jag’alawlarinda ushirasatug’in shorlang’an topiraqlar.

Klimattin’ kontinentallig’i qubladan arqag’a ku’sheye baslaydi. Ortasha jil boyliq jawin-shashin, qar mug’dari 70 mm den 100 mm ayirmashiliqqa iye. Olardin’ ko’pshilik mug’dari qisqi ha’m ba’ha’rgi aylarg’a tuwra keledi, jazda ha’m gu’zde az jawadi, jawin shashinin’ en’ ko’p mug’dari mart ayina tuwra keledi.

Ortasha ko’p jilliq mag’liwmatlar boyinsha No’kiste 13 mm, al aprel, may ayinda 20-25 mm ge shekem jawin-shashin boladi. 2002 jili ba’ha’r ayinin’ erte kelgeni menen mart ha’m aprel aylarinda No’kiste jawin-shashinnin mug’dari ju’da’ ko’p boladi.

Klimat jag'inan Qaraqalpaqstan respublikasinin' arqa ha'm qubla bo'lileri bir-biri menen ajiriladi.temperaturasi summasi shimbayda (arqa) 3778, To'rtku'lde (qubla) 4416 qubla zona menen saliatirg'anda arqa zonada vegetatsiya da'wiri 13-17 ku'nge qiaqa. Ortasha jil boyliq temperaturasi 10-12 a'dewir suwiq aylar dekabr, yanvar aylari. Yanvar ortasha ayliq temperaturasi Shimbayda 7,6, No'kiste 6,9 uliwma Qaraqalpaqstannin' territoriyasi boyinsha 6 absolyut minimum 31 gradustan 35 gradusqa shekem jetedi, tek Aral ten'izinin' jag'alarinda ol 28 gradusqa jetedi.

Ba'ha'rdegi son'g'i izg'riq samalli ayazlar qubla bo'liminde 20 aprelde, arqa bo'liminde 23 aprelde baslanadi, erte gu'zgi ayazlar qubla bo'liminde 25 oktyabrde arqa bo'liminde 10 oktyabrde baslanadi. Izg'iriq qatti ayazlar da'wirinde temperaturasi 1 gradustan 5 gradusqa shekem boladi. Jil dawaminda derlik sekundina 2,4,8 metr ayirim jag'daylarda 15-20 metr tezlik penen arqadan ha'm arqa shig'istan samallar esip turadi.

Hawanin' jilliq absulyut ig'alliq mug'dari Qaraqalpaqstanda joqari. Ol 8,0 den 10,0 mb aralig'inda boladi. Jilliq jilli ma'wsiminde 12-17 mb g'a shekem jetedi, qista ol 4,6 mb g'a shekem to'menleydi. Hawanin' salistirma ig'allig'i jazda to'men, qista joqari boladi.

## 2.3. Tekseriw obiekti ha'm izertlew metodikasi

Bul tema boyinsha tekseriw obekti etip Berdaq atindag'i Qaraqalhaq ma'mleketlik uinbersitetinin' Ta'biyattaniw ha'm geografiya fakulteti ha'm Berdaq atindag'i Qaraqalhaq ma'mleketlik uinbersitetine qarasli 1 – sanli Akademiyaliq litsey tan'lap alindi.

2011 – 2012 oqiw jillarinda Berdaq atindag'i Qaraqalhaq ma'mleketlik uinbersitetinin' Ta'biyattaniw ha'm geografiya fakulteti do'gereginda o'sip turg'an ag'ash deneli o'simlikler ha'm Berdaq atindag'i Qaraqalhaq ma'mleketlik uinbersitetine qarasli 1 – sanli Akademiyaliq litsey atirapindag'i ag'ash ha'm puta deneli o'simliklerde baqlaw jumislari alip barildi.

Bizin' tekseriw ob'ektimiz Qaraqalpaqstan jag'dayinda o'setug'in Qarag'ash ha'm ligustrum o'simlikleri.

Fenologiyaliq baqlaw S.YA. Sokolovtin' (1952) metodikasi boyinsha o'tkerildi bunda o'simliktin' qislag'annan keyingi jag'dayina, vegetatsiya xarakterine, o'siwine, miywelewine, qisqa tayarlaniwina diqqat awdardi.

Vegetatsiyanin' baslaniwi bu'rtiktin' bu'rtiwi menen al, vegetatsiyanin' keyingi tamamlaniwi japiraqtin' tu'siwi menen belgilenedi.

Gu'llewdin' baslang'an waqti o'simliktegi ayrim gu'llerdin' barliq g'umshasinin' 10% ke jaqin) gu'llegen waqitta, al massaliq gu'llewi g'umshanin' 70 % gu'lli ashilg'an waqitta, al gu'llewdin' tamamlaniwi en' keyingi gu'ldin' gu'l japiraqlari tu'sken waqitta alinadi.

Miywelerdin' pisiwine baslaniwi ayirim miywelerdin' pisiwi menen (10 %) al, massaliq pisiwi 70 – 75 % miywe pisken waqitta alinadi. Japiraqtin' payda bolg'an waqtinda ha'm o'simlikler gu'llegen waqitta baqlaw ha'r ku'ni ju'rgiziledi, al qalg'an waqitta 5 ku'nnen baqlanip bariladi

Izertlewdin' na'tiyjesinde bizin' respublikamiz shariyatinda koklemzarlastiriwda ha'zirgi waqitta ken' ko'lemde o'sirilip atirg'an qarag'ash ha'm ligustrum o'simliginin' gu'lley ha'm miyweliwge kirisiw mu'ddetleri,olardin' sirtqi ortaliq ta'sirlerine beyimlesiy protsessleri aniqlanadi.

Bul o'simliklerdi u'yreniwdin' birden bir usillari bolip,olardin' ma'wsimlik rawajlaniw ritmlerin salistirma tu'rde izertlew bolip esaplanadi. Bul olardin ha'r qiyli rawajlaniw fazalarin aniqlap qoymastan izertlenetug'in o'simliklerdin' shidamlilig'in, o'nimliligin, ko'klemzarlastiriwdag'i a'hmiyetin baxalawg'a ja'rdem beredi.

2010-2011 jillari ta'biyattaniw ha'm geografiya fakultetinin' a'tirapina qarag'ash ha'm torang'il o'simliklerinin' na'lsheleri egilgen edi. Ha'zirgi ku'nde olardin' ishinde sol ta'repke egilgen qarag'ash o'simliginin' na'lsheleri basqa o'simliklerge qarag'anda sezilerli da'rejede jaqsi o'sip atirg'anlig'in ko'riwge boladi ,ol su'wrette berilgen.

Berdaq atindag'i Qaraqalhaq ma'mleketlik uinbersitetine qarasli 1 – sanli Akademiyaliq litsey atirapindag'i ag'ash ha'm puta deneli o'simliklerde baqlaw jumislari alip barildi. Bul jerde tal,terek ha'm tut o'simliklerinin' na'lsheleri ha'r jili egilip bariladi. Olardin' ko'pshiligi o'sip rawajlaniwin dawam etip , ha'zirgi ku'nde ko'klemzarlastiriw jumislarinda o'zinin' jemisli na'tiyjelerin bermekte, ol su'wrette ko'rsetilgen..

Berdaq atindag'i Qaraqalhaq ma'mleketlik uinbersitetine qarasli 1 – sanli Akademiyaliq litsey atirapindag'i ligustrum o'simliginde alip barilg'an baqlaw jumislarin analizlep qaraganimizda , 2012- jildin' ba'ha'r ma'wsiminin' kesh keliwine baylanisli japiraqlardin' payda boliwi 2012-jildin' 2-5 aprel ku'nlerinne tuwra keldi. Ligustrum o'simliginde gu'l g'umshalarinin' payda boliwi 2012-jili 25 -27 aprel ku'nlerine tuwra kelse, gu'llewinin' baslaniwi 2012- jildin' 8-12- may ku'nlerge tuwra keldi. Al, massaliq gu'llewi bolsa 15-19 -may ku'nlerinde a'melge asirilg'an bolsa, gu'llewdin' tamamlaniwi 23-26 may ku'nlerinde baqlandi. Bul o'simliktin' miywelewinin' baslaniwi 11-13 mayda bolsa, massaliq miywelewi 25- 28 mayda bolip, miywelewdin' tamamlaniwi 30-31- may ku'nlerinde a'melge asirilg'an. Baqlaw na'tiyjeleri -su'wrette berilgen.

## III-bap. Qala ha'm awillardi ko'klemzarlastiriwda ag'ash-puta o'simliklerinin' na'llerin jetilistiriw

### 3.1.Ag'ash ha'm puta o'simliklerinin' na'llerin jetistiriw

**Ag'ash na'llerinin' tu'rleri.** Otirg'iziw ushin jetkilikli mug'darda ag'ash ha'm puta na'leri boliwi kerek. Oga'an tiykarinan ekpe na'lsheler, ag'ashlar menen putalardin' kesilip aling'an qa'lemsheleroi yamasa tamirlang'an qa'lemsheler, ju'da' siyrek tikpe na'ller paydalaniladi.

**Ekpe na'lsheler** degenimiz 1-2, al geyde 3-4 jilliq (misali iyne japiraqli tu'rlerde), arnawli xojaliqlardin' pitomniklerinde tuqimnan o'sirilip shig'arilip, ol jerden qazip aliniwi menen otirg'iziwg'a arnalg'an jas ag'ash yaki puta tu'rleri.

**Tikpe na'ller.-** pitomniktin' ekpe bo'lmesinen qazip alinip shkola (jetistiriw maydanshalari) bo'lmeshesine otirg'izlip, -3-5 jil yamasa onnanda ko'p jil o'sirilgen jas ag'ashlar.Tikpe na'llerdin' jasi ekpe bo'lmeshesinen ko'gerip shiqqan waqittan baslap sanaladi. Eger pitomniktin' ekpe bo'lmeshesinde tuqimnan 2 jasqa deyin o'sirilgen ekpe na'lshe shkola bo'lmeshesine qayta otirg'izilip tag'i 3 jil o'sirilse, onda tikpe na'ldin' jasi 5 jil bolip esaplanadi. Tikpe na'ller tiykarinan qalalari, eletli punktlerdi, sanaat ka'rxanalari t. b. jerlerdi ko'klemzarlastiriw ushin paydalaniladi, sonday aq olardi siyreksip qalg'an tog'ay polosalarin toltiriw ushin otirg'iziladi.

Tikpe na'llerdin' biyikligi 2-3 metr yaki onnanda artiq boladi, al jasi 6-10 yamasa onnan artiqlarin geysterler dep ataydi da olar qalalardi ko'klemzarlastiriw ushin paydalaniladi.

**Qa'lemsheler** degenimiz- joqari jag'inin' juwanlig'i 0,5-1,0 sm shamasinday uzinlig'i 25-40 sm analiq ag'ashlarinan kesilip aling'an bir yamasa eki jilliq shaqalardin' bo'legi. A'dette terekler, jin'g'il, tallar ja'ne basqa ag'ashlar menen putalar qa'lemshelerden o'sip shig'adi. Geyde qa'lemsheler otirg'izilar aldinda tamirlaniw ushin waqtinsha basqa jerde o'siriledi. Bunday tamirlang'an qa'lemshelerdi qa'lemsheli tikpe ag'ashlar dep ataydi.

Otirg’izilatug’in na’llerdin’ qatarina qaziqshalar tamir qa’lemsheler, tamir nartshalari ja’ne sulatpalar jatadi.

**Qaziqshalar-** qa’lemshelerdin’ bir tu’ri, biraq olarg’a qarag’anda iri (uzinlig’i 2 metrge deyin, joqarg’i jag’inin’ juwanlig’i 4-8 sm) boladi. Qaziqshalar menen a’dette tallar o’siriledi.

**Tamir nartshalari.** Geybir ag’ashlardin’ u’stingi qabattag’i tamirlardin’ bu’rtiginen ko’k shibiq o’nip, ko’klep shig’adi. Buni tamir nartshalari dep ataydi. Tamir nartshalarin analiq tamirdin’ bo’legi menen birge qazip alip, shibig’inin’ (putag’inin’ jartisin yamasa u’shten eki bo’legin kesip taslap otirg’izadi. Tamir nartshalari ko’plep shug’aratuh’in ag’ashlar menen putalarg’a: aq terek, ko’k terek, aylant, qarag’ash, jiyde, shiye, cheremuha t. b. jatadi.

**Tamir qa’lemsheleri-** ag’ashlar menen putalardin’ jerdin’ u’stingi qabatindag’i jas tamirlardan alinip onin’ uzinlig’i 20-30 sm, juwanlig’i 0,5- 1,0 sm boladi. Jerge ko’mgende ol tamir nartshalarin beredi.

**Sulatpalar.** Bunda analiq ag’ash penen putanin’ shaqalarin jerge iyip topiraq penen ko’miw arqali, jas nart shibiqlar o’siriledi. Buni sulatpalar dep ataydi. Putaqtin’ topiraq penen ko’milgen jerindegi bu’rtiklerden to’men qaray tamir, al joqari qaray jas shibiq payda boladi. Ol jaqsi tamirlang’annan keyin, yag’niy 2-3 jildan keyin, oni analiq ag’ashtin’ shaqasinan balta yamasa bel menen kesip ajiratadi da tamiri menen qazip alip, kerekli jerge turaqli otirg’iziladi. Sulatpalar, tamir nartshalari menen o’siriw ko’binese miywe jemis ag’ashlarin o’siriw ushin paydalaniladi .

Ag’ash na’llerinin’ tu’rleri to’mendegi sxemada ko’rsetilgen.

№ 1 kestede Qala ha’m awillardi ko’klemzarlastiriwda ag’ash-puta o’simliklerinin’ bioekologiyalıq o’zgeshelikleri berilgen.

## Ag'ash na'llerinin' tu'rleri

Ekpe na'lsheler

Tikpe na'ller

Qa'lemsheler

Qaziqshalar

Tamir nartshalari

Tamir qa'lemsheleri

Sulatpalar

Keste № 1

Qala ha'm awillardi ko'klemzarlastiriwda ag'ash-puta o'simliklerinin' bioekologiyalıq o'zgeshelikleri

| № | O'simlikler | Watanı | Biyik-ligi,m | Japırag'ı | Gu'l-lewi | Ko'beyiwi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Aq tal | Rossiya | 30 | lantset | Mart | Qa'lemshe |
| 2 | Ak terek | Qıtay | 25 | ma'yek | Mart | Tuqım, qa'lemshe |
| 3 | Qara ag'ash | Orta Aziya | 20 | ma'yek | Mart | Tuqım |
| 4 | Katalpa | Arqa Amerika | 20 | ma'yek | May | Tuqım, qa'lemshe |
| 5 | Akatsiya | Kaspiy jag'alawı | 30 | oval | May | Tuqım |
| 5 | Gledichiya | Amerika | 45 | oval | May | Tuqım |
| 6 | Biryuchina | Aziya, Avstraliya | 5 | lantset | May | Tuqım,qa'lemshe,tu'plerin bo'liw |
| 7 | Roza | Arqa Amerika | 3 | a'piwayı, tisli | May | Tuqım |
| 8 | Smorodina | Aziya | 1,5 | sawsaq | May | Qa'lemshe |

## 3.2. Ag’ashlardi otirg’iziw ha’m olardi ta’rbiyalaw

Qalaliq, awilliq elatli punktlerdi ha’m u’y qaptali territoriyalarin ko’klemzarlastiriw ushin egiletug’in na’llerdi jetilistiriw, o’z ishine mina jumislardin’ tu’rlerin aladi: otirg’iziwdin’ proektin du’ziw, egiletug’in materiyallardi tayarlaw, otirg’iziwdi ju’rgiziw, topiraqti islew ha’m ziyanlang’an o’simliklerdi ta’rbiyalaw.

**Otirg’iziwdin’ proektin du’ziw.** Ko’klemzarlastiriwdin’ proektin yamasa sxemasin du’zgende to’mendegiler esapqa alinadi: poselkani uliwma planlastiriw, ko’shelerdin’ ken’ligi (eni), jergilikli jerdin’ relefi, ha’wizler menen suw saqlag’ishlardin’ barlig’i yaki joqlig’i, mektep, emlewxana ha’m keleshektegi parkti du’ziw ushin orinlardin’ jaylasiwi, ayrim ko’shelerdegi ha’reketlerdin’ tezligi ha’m t.b. Usinin’ menen birgelikte ag’ash tu’rlerinin’ assortimeni belgilenedi, kerekli otirg’izilatug’in materiallar esaplanip shig’iladi ha’m olardi qon’si pitomniklerden satip aliw ushin zayavkalar du’ziledi. Bunnan basqa keleshektegi jasil ag’ashlardi qorg’aw ushin kerekli materiallardi, sonday-aq barliq islenetug’in jumistin’ bahasin aniqlaw z’ru’r.

Ko’klemzarlastiriwdin’ otirg’iziw proektin, a’sirese parkler ha’m skverlerdi is ju’zine airiwg’a puxra diqqat awdariw kerek. Bul suhin ruletka, o’lshew lentasi, mu’yeshlik bag’itti belgilew ushin uzinlig’i 1,5-2 m bolg’an qaziqlar ha’m ag’ash putalardin’ otirg’izilatug’in ornin belgilew ushin 0,25-0,50 m uzinliqtag’i qaziqshalarg’a iye boliwimiz kerek.

Da’slep ko’klemzarlastirilatig’in uchastkanin’ sirtqi shegaralari, tiykarg’i ha’m ekinshi da’rejeli jollar belgilenip alinadi. Jollardin’ ayaqlari ha’m barliq kesispeler tayaqshalar menen belgilenedi, al olardin’ barliq shetleri tartilg’an jitin’ qaptalinan bel menen iz salinadi. Usidan keyin ruletkanin’ ja’rdeminde otirg’izlatug’in ag’ashlardin’ orninin’ biyikligi 0,5 m, al putalardin’ orninin’ biyikligi 0,25 m bolg’an tayaqshalar menen aniqlanadi. Putalardi qatarlap otirg’izg’anda joldi belgilegendey etip jipler tartilip qaptalina bel menen iz

salinadi. Bunday etip uchastkalardi bo’liw ag’ashlar otirg’izlatug’in shug’anaqlar ha’m salmalar qaziwdan aldin ju’rgiziledi.

**Topiraqti tayarlaw.** Proyektti ish ju’zine asiriw ushin da’slep maydanlardi tayarlaw kerek, bunda barliq sipirindilardi jiynaw shuqir ha’m oy jerler teislengen don’ jerler aling’an boliwi tiyis. A’sirese bul jumislar parkler ha’m skverlerge arnalg’an uchastkalarda muhiyatli tu’rde islengen boliwi za’ru’r. Usinday etip tayarlang’annan keyin maydanlar 33-35 sm teren’likte su’riledi. Ag’ashlardi ba’ha’rde egiw ushin jer gu’zde su’rilip qoyiladi, gu’zde egiltug’in jag’dayda ba’ha’rde su’riledi ha’m topiraq jaz dawaminda shu’digarlanip jatadi.

Ag’ashlar otirg’iziliwdan aldin barliq maydan 2-3 ret tirmalanip shig’iladi.

Bul ag’ash o’simliklerdin’ tutip ketiwinde u’lken a’hmiyetke iye. Bunnan basqa shuqanaqtin’ ultanindag’i ha’m qaptalindag’i topiraq, sonday-aq onnan shig’arip taslang’an jer gu’z ha’m qis dawaminda jaqsi fizikaliq qa’siyetledi o’zlestiredi ha’m jaqsi ig’allanadi. Shuqanaqlar ag’ashlar otirig’izilg’annan 1-2 ha’pte burin qazip qoyiladi, ol №2 kestede berilgen.

Keste №2

3-5 jastag’i ag’ash tu’rleri na’lleri ushin to’mendegi ko’lemdegi (metr esabinda) shuqanaqlar qaziladi:

| | Teren’ligi | Diametri |
|---|---|---|
| Ag’ashli tu’rleri ushin | 0,7-0,8 | 0,75-1,0 |
| Putalar ushin | 0,4-0,5 | 0,4-0,5 |

Bordyrlar ha’m janli qoralar ushin teren’ligi ha’m eni 0,4-0,5 m salmalar qaziladi.

Shuqanaqti qazg’an waqitta jerdi eki ta’repke bo’ledi : joqari , aziq – awqat zatlarina bayiraq topiraqtin’ qatlamin o’simliktin’ tamir sistemasin ko’metug’inday etip bir ta’repke , al to’mengi qatlami ekinshi ta’repke , onin’ menen ag’ash otirg’izilg’annan keyin shiqanaqtin’ to’mengi bo’limi ko’miledi.

Shuqanaqlardi qaziw ushin shuqanaq qazg'ishlardi ( yamokopitel) qollaniw kerek , tek ilaji bolmag'an jag'daylarda bul jumisti qol menen islewge tuwra keledi. Diametri 0,8 metr shuqanaqlardi " Belaorus" traktorinin' ja'rdeminde aspali shuqanaq qazg'ishlar menen iri ag'ashlardi otirg'izg'an waqitta diametri 1 metrden ziyat bolg'an shuqanaqlardi E-153 ekskabatori menen qaziwg'a boladi. "Belaorus" traktorina shuqanaq qazg'ishlardin' is o'nimliligi bir saatta ortasha 40-50 shuqanaqti tutadi. Barliq agregatti bir traktorda basqaradi.

**Otirgi'zilatug'in materiyallar.** Ag'ash ha'm puta tu'rlerinin' na'lleri saw ,rawajlang'an ag'ash tu'rinen na'lleri 4-5 sm uzinliqtag'i jaqsi shashaqli tamir sistemasina iye boliwi kerek. Na'llerdin' tamirlari mexanikaliq ziyanlanbag'an, qurg'aq ha'm qisqi suwiq urip ketken bolmawi kerek. Na'ldin' paqalida saw, rawajlang'an ha'm 5-7 qaptal shaqalarina iye boliwi kerek. Sonday-aq bag'ananin' biyikligi de tamir moyninan o'simlik turqinin' birinshi shaqasina shekemgi araliq a'xmiyetke iye. Ol biyik bag'anali ag'ashlarda 2 metr, ortasha bag'anali ag'ashlarda 1,5 metrge jaqin ha'm pa's bag'anali ag'ashlarda 1 metrden 1,5 metrge shekem ten' boliwi tiyis. Biyik bag'anali ag'ashlardi birinshi na'wbette ko'shelerge ha'm alleyalarg'a otirg'iziw ushin paydalaniwimiz za'ru'z.

Pitomnikten na'llerdi qabil etip alg'an waqitta ha'r bir na'ldi tekseriw ha'm ol ko'rsetilgen talapqa juwap beriwin baqlap bariw sha'r (6).

Tasig'anda na'ller mashinada birinin' u'stine biri jaylastiriladi. O'simlikler bortqa tiyip qirshilip qalmaslig'i ushin mashinanin' borti jeken , saban yamasa materiyallar menen bastiriladi. Tamirlari iqtiyarli tu'rde ig'alli saban yamasa jeken menen bastiriladi, olar narliq waqitta ig'alli bolip turiwi tiyis. Uzaq mu'detke tasig'an jag'dayda na'llerdin' u'stine avtomashinanin' o'zinde suw quyilip bariladi.

Qazip aliwg'a belgilengen ag'ash tamir uzinlig'ina tek radiusta qir do'gerek o'tkir bel menen qaziladi, onnan keyin qazilg'an salma tamir sistemasinan shama menen 0,25-0,3 m to'menrek teren'letedi, tamirlar abaylap kesiledi ha'm ag'ash topiraq penen birge suwirilip alinadi. 8-10 jasqa shekemgi

ag'ashlardin' tamirlari topiraqsiz tu'rde a'kelip egiwge boladi, al onnan u'lkenlerinin' tamirlari topiraq penen (c komom)a'kelip egiledi.

**Ag'ash ha'm puta na'llerin otirgiziw.** Na'llerdi otirg'iziwdin' en' qolayli ma'wsimi ba'ha'r bolip tabiladi. Bizin' jag'dayimizda ag'ash egiw mapazi marttin' ekinshi yariminan baslanip, 20-25 aprelge shekem dawam etedi. Ag'ashlar oterg'izilmastan burin shuqanaqlar qazilip qoyilg'an boliwi tiyis. Bul jumis gu'zde yamasa qis aylarinda da islenip qoyiliwi mu'mkin. Sebebi , shuqanaqlar gu'zgi ha'm qisqi jawin , qardin' suwlari menen qanip jatadi.

Topiraqti salg'an waqitta tamirlardin' arasina tan' tarqalatug'inday etip na'ldi a'ste silkiw kerek. Shuqanaq biraz ko'milgennen keyin topiraq ayaq penen abaylap basqilanadi. Na'l otirg'izilip bolg'annan keyin ha'r bir ag'ashtin tu'bine 2-3 shelekten suw quyiladi, onnan keyin ag'ashtin' tu'bi tioiraq penen ko'miledi.

Eger waqtinda na'ldin' sinip yamasa qulap qalmawi ushin bekkem qag'ilg'an tayaqshag'a baylap qoyiladi. Tayaqsha na'ldin' biyikligi menen ten' bolip bag'anadan 10 sm qashiqliqta tu'slik-batis ta'repke qag'iladi (13).

**Na'llerdi ta'rbiyalaw.** Diqqat bo'lip ku'tilmese qaysi tu'rge tiyisli boliwina qaramastan ag'ash ha'm putalardin' o'siwi mu'mkin emes.

Qala jag'dayinda hawa shan' ha'm gazlar menen pataslang'an, biraz jillilaw keledi, ag'ashlar ha'm putalardin' astindag'i topiraq tig'iz boliwinan, tu'sken japiraqlardin' ha'm gazonlardi qiriqqanda sho'plerdin' ushiwi sebebinen ta'biyiy jag'dayda o'sken ag'ashlarg'a salistirg'anda organikaliq zatlar menen bayimaydi.

Qaladag'i jasil o'simliklerdi ta'rdiyalaw ilajlarina o'sinliklerge to'gin beriw, suwg'ariw, o'simliklerdin' o'zlerin ta'rbiyalaw- qirqiw, shaqalarin shirpiw, ziyankesler ha'm keselliklerge qarsi gu'resiw usag'an o'siwi ushin sirtqi ortaliqti jaqsilaw siyaqli usillar kiredi (2).

Gazonlarda o'setug'in ag'ashlardin' shuqanaqlari otirg'izilg'annan baslap 6-10 jil dawaminda jumsartiladi , onnan keyin gazon tu'rinde qalsiriladi. Topiraq ha'm bag'ananin' a'tirapin islewdin' ko'lemi ag'ashtin' turqinin' proyektsiyasina ten' boliwi kerek (17).

Ko'shelerge egilgen , a'sirese asfaltlardin' ortasinda shuqanaqlarda o'siwshi ag'ashlardin' a'tirapin jumsartiw ag'ash ha'm putalardin'tirishilik boyina topiraqtin' tizg'izlaniwina qaray sistemali tu'rde ju'zgiziledi. jumsartiw ketpen, al ku'shli tig'zilang'an yamasa pataslang'an topiraqlardi bel ja'rdeminde jumsartadi. Tamirlardin' az ziyanlaniwi ushin topiraq bel menen awdarilg'anda shen'berdin' kesesine emes, al radius boyinsha islenedi.

Ag'ashlardi qirqiw. Qaladag'i ag'ash ha'm puta o'simlikleri qirqiw ju'rgiziwdi talap etedi. Qirqiw sanitariyaliq, forma beriwshi ha'm jasartiw maqsetinde forma beriwshi bolip bo'linedi (20).

Qirqiw sektor, pishqi, shaqa keskish yamasa bag' pishag'i ja'rdeminde ju'rgiziledi. Kesilgen jerler 2 sm den assa bag' mayi yamasa qabiqtin' tu'sindegidey olifke ertilgen mayli kraska menen jag'iladi.

1. Sanitariyaliq qirqiw- o'simliklerdi qirg'aq, kesel ha'm sing'an putaq yamasa shaqalardi alip taslaw maqsetinde ju'rgiziledi. Bul ilaj mu'mkinshiligi bolg'ansha vegetatsiyaliq da'wirde ju'rgiziledi.

2. Forma beriw maqsetinde qirqiw- jas na'llerge keleshek ag'ashtin' bekkem tiykarin jasaw maqsetinde ju'rgiziledi. Ol o'simlikti turaqli ornina otirg'izg'annan keyingi birinshi 4-6 jil ishinde (qistin' ayag'inan baslap vegetatsiya da'wiri baslang'ang'a shekem) ju'rgiziledi.

Tez o'siwshi ag'ash tu'rlerine forma beriw maqsetinde qirqiw- ha'r jili, al a'ste o'siwshi tu'rlei 2-3 jilda bir ma'rte ju'rgiziledi. O'simliktin' turqina forma beriwdi otirg'izilg'annan keyin ekinshi jili baslaw kerek. Forma beriw maqsetinde qirqiw menen birgelikte o'simliktin' turqina siyrekletiwde ju'rgiziledi.

Iyne japiraqli, kashtan, jantaq ha'm bir qansha ag'ashlardin' turiqlari ta'biyiy formalatug'in bolg'anliqtan, olarg'a forma beriw maqsetinde qirqiw ju'rgizilmeydi.

3. Formalandiriw yamasa shirpiw- o'simliklerge yamasa o'simliklerdin' gruppasina turiqtin' belgili bir formasin (shar, piramida ha'm t. b.) beriw ushin qollaniladi.

Janli qoralardi ha'm bordyurlardi qirqiw o'simlikler ele oyanbag'an waqitta erte qirqiladi, onda tu'ptin' uliwma gabitusinan shig'ip turg'an ayirim putalar ha'm shaqalar qisqartiladi, sonday-aq siyrekletiledi ha'm qurg'aq shaqalar kesip taslanadi. Janli qoralardi kesilen piramida tu'rinde qiyalaw 70-75$^0$ mu'yesh jasap forma bergen jaqsi.

Vegetatsiyaliq da'wir ishinde jas shaqalardin' 10-12 sm biyiklikke o'siwine baylanisli qirqiw 2-3 ma'rtebe qaytalaniladi. Qirqiwdin' mug'dari 4-5 sm.

Suwliw gu'lleytug'in putalardi qirqiw. Suwliw gu'lleytug'in putalardi qirqiwmiywe bu'rtiklerinin' qa'liplesiwinin' biologiyaliq o'zgesheliklerin esapqa alip ju'rgiziw kerek (21).

a) Miywe bu'rtikleri o'tken jili o'sken shaqalardin' joqarg'i bo'leginde qa'liplesken putalarda (siren, kalina, biryuchina ha'm t. b.) tu'pke qytadan forma bergen yamasa jasartiw ju'rgizgen jag'dayda shaqalardin' ushi qirqiladi. Bul putalar qirqilg'an jili gu'llemeydi.

b) Miywe bu'rtikleri o'tken jilg'i o'sken shaqalardin' uzinsha boyina yamasa yarimin ashekem qa'liplesken putalarg'a (jasmin, boyarishnik, roza, siren, bobovnik rakitnik ha'm basqalar) shaqalarin qisaqrtiw jili menen qiriqqa jag'dayda bul o'simliklerdin' qirqqan jili gu'llewi to'menleydi. Putalardin' bul gruppasinda, joqaridag'i putalarg'a usatip yag'niy tupke forma beriw jasartiw ju'rgiziw za'ru'rligi tuwg'anda qirqiw kerek.

v) Miywe bu'rtikleri biyilg'i jili o'sken shaqalarda qa'liplesken putalardi putaq ha'm shaqalarin qiaqartiw jili menen qirqiwg'a boladi. Bunday qirqqan jili o'simliktin' gu'llewine ziyani tiymeydi. Bul gruppag'a: poliantli, romantantli rozalar, gortenziyalar, ryabnik, jin'g'il, deytsiya, amorfa ha'm basqalar kiredi.

Jasartiw (ku'shli qirqiw), a'zzilegen (o'siw to'menlegen, ushabasi quwrag'an ha'm sol siyaqli) ag'ash ha'm putalarda uyiqlawshi bu'rtiklerden ku'shli o'siw payda etiw ushin ju'rgiziledi [3].

O'simliklerdin' mineral to'ginlerge bolg'an talabi tamirlar jaylasqan topiraq qatlaminin' orta bo'liminen aling'an agroximiyaliq analizlerdin' na'tiyjesinde aniqlanadi. Topiraq analizlerge gazonlar ha'm gu'lzarlar ushin 8-12, putalar ushin

15-20, ag'ashlar ushin 25-30 sm den alinadi. Analiz ha'r bir 3-5 jildan ju'rgizilip turiwi tiyis.

Mineral to'ginlerge bolg'an talapti topiraq jag'daylarin esapqa alip o'simliktin' sirtqi ko'rinisi boyinsha da aniqlawg'a boladi.

Azottin' jatispewshiligi barlig'in burin qumli ha'm sazli-qumli topiraqlarda bayqaladi. O'simliktin' bul jag'dayda o'siw toqtaydi ha'm mayda aqshil jasil japiraqlarg'a iye boladi.

Fosfordin' jatispewshiligi awiq mexanikaliq sostavtag'i qishqil podzol (gu'ren'i) topiraqlarda bayqaladi. Fosfordin' jetispewinen gu'llew ha'm miywelerdin' pisiwi irkiledi ha'mde shaqalardin' o'siwi pa'seyedi.

Kaliydin' jetispewshiligi ko'binese qumlaq ha'm torfli topiraqlarda bayqaladi. Japiraqlar jiyriqlanip, qon'ir-sur tu'ste sha'rtli shiyratiladi [19].

Topiraqtin' reaktsiyasi qishqil bolg'an jag'dayda oni ha'k qosiw joli menen neytrallanadi, bul ushin ha'r qiyli maydalang'an ha'k tu'rleri, ha'kli tas, por, so'ndirilgen ha'm ezilgen ha'kler qollaniladi, olar topiraqqa 15-20 sm teren'likke bit qa'lipte beriledi.

Ziyanlang'an bag'ana ha'm putaqlardin' qabiqlarin emlew. Ag'ashtin' mexnikaliq ziyanlang'an qabiqlarin ha'm u'stingi qabatlarin saq jerine shekem ushli pishaq penen tazalaw, jarani qurg'ap ketiwden saqlaw ushin baq zamaskasin jag'iw kerek. Ziyanlang'an jerler bint penen tan'iladi, al ju'da' u'lkenleri tsementlenip taslanadi. Ziyanlang'an ag'ashlardi emlew barliq vegetatsiyaliq sa'wir ishinde ju'rgiziledi (15).

Qurg'aq ha'm kesellengen ag'ashlardi alip taslaw. Ag'ashlardi shabiw qalaliq atqariw komitetinin' tiyisli bo'liminin' ruxsati boyinsha ju'rgiziledi. Ag'ashlardi qulatiwda ko'shelerge simlardin', jaylardin', jaqin jerde o'siwshi ag'ash ha'm puta o'simliklerdin' ziyanlanbaw ilajlarin qolaniw kerek.

Mart ayinin' baslarinda bu'rtikleri erte ha'm tez ashilatug'in tatar jimolisi, irga, cheremuxa usag'an ag'ash ha'm putalar sostavina kiretug'in ag'ashlar yadiximikatlar menen islep shig'iliwi tiyis.

Shama menen marttin' aqirina barliq ag'ashlardi puqta qarap shig'iw, qa'wip tuwdiriwshi mug'darda erte ziyankeslerden gu'belekleri bar ag'ash ha'm putlardi aniqlaw ha'm bul o'simliklerdin' japiraqlarin ishek qarin uwiwlari: parishkogo (100 litr suwg'a 100-150 gr ) yamasa mishyakli qishqil kaltsiy (100 lirt suwg'a 200-300 gr) menen bu'rkiw ju'rgiziledi. Parij ko'ki menen bu'rkiwde abayli boliw kerek. Sebebi bul o'simlikti ku'shli ku'ydirip aliw mu'mkin (ashilg'an bu'rtiklerdi, na'ziek jas japiraqlardi). Eger parij ko'ginin' eritpesine taza so'ndirilgen ha'k (100 litr suwg'a 1 kg) qosilsa qa'wipsizrek boladi. Ziyankeslerdi joq etiwde ha'zirgi waqitta bu'rkiw ushin 2-4 % DDT nin' suwin suspenziyasi, al shan'landiriw ushin DDTinin' 5,5 % li duzti ayriqsha ko'birek qollaniladi.

Ag'ash ha'm puatlarda ha'r qiyli shirinjalar payda bolip qalg'anda anabzin-sulfattin' (100 litr suwg'a 80-150 gr) anabazin-s ulfat ha'm 300-500 gram sabin , yamasa nikotin- sulfatinin' (100 ltr suwg'a 40-150 gramm nikitin sulfat ha'm 300-500 garmm sabin), yamsa sabin ko'bigi (100 litr suwg'a 2-40kg) eritpesi menen bu'rkeledi. Bunda siqqatti shinjirlar ayriqsha ku'shlirek tu'setug'in jasmine, boyarishnik, akatisya, beresklet, qarag'ash, cheremuxa usag'an ag'ash ha'm putalarg'a awdariw kerek.

Jazdin' ortalarinda usi waqitlari payda bolatug'in ziyankeslerdi joq etiw ushin ag'ash ha'm putalardi ishek-qarin uwlari menen bu'rkew qaytalanadi. A'sirese almalardi ku'shli ziyanlaytug'in u'lken kneeler ha'm onin' qurtlarina qarsi 0,1 % li TIOFOS tin' emulsiyasi bu'rkeledi.

Ag'ash ha'm putalar (klyon, tal, roza) untaqli rosa menen ziyanlag'an jag'dayda olardi 0,3-0,5 % li ku'kirtli-ha'k aralaspasi menen (100 litr suwg'a 1,5 kg so'ndirilmegen ha'k ha'm 1,5 ku'kirt) bu'rkeledi. Alma, krijovnik, smorodina, barbaris ja'ne basqa da ag'ash ha'm putalar 1 % li bordos suyiqlig'inin' (100 litr suwg'a 1 kg mis kuporosi ha'm 1 kg so'ndirilmegen ha'k) eritpesi menen bu'rkeledi.

Jasil ag'ashlardi ta'rbiyalawdin' en' ah'miyetli ha'm za'ru'rli ilajlarinin' biri ku'shli ziyanlang'an ha'm kesellengen ag'ash-putalardi o'z waqtinda almastiriw ushin olardin' orinlarina ag'ash na'llerin otirg'iziw bolip tabiladi.

№ 1- su’wrette Berdaq atindag’i QMU din’ Ta’biyattaniw ha’m geografiya fakultetinin’ 1998- jillari egilgen yasen o’simliginin’ 2012- jilg’i ko’rinisi,

№ 2- su’wret Berdaq atindag’i QMU din’ Ta’biyattaniw ha’m geografiya fakultetinin’,

№ 3- su’wret Berdaq atindag’i QMU din’ Ta’biyattaniw ha’m geografiya fakultetinin’ shep ta’repindegi 2011- jilg’i egilgen qarag’ash na’lleri

№ 4- su’wret Ligustrum o’simliginin’ gu’llew da’wiri,

№ 5- su’wret Berdaq atindag’i QMU din’ qasindag’i 1 –sanli litseydin’ on’ ta’repininin’ ko’klemzarlastiriliwi,

№ 6- su’wret Berdaq atindag’i QMU din’ qasindag’i 1 –sanli litseydin’ shep ta’repininin’ ko’klemzarlastiriliwi,

№7- su’wret Berdaq atindag’i QMU din’ qasindag’i 1 –sanli litseydin’ sirtqi ta’repininin’ ko’klemzarlastiriliwi berilgen.

## Juwmaqlaw

Qu'diretli texnika menen ta'miyinlengen adamzat ja'miyeti ta'biyatqa ku'shli ta'sir ko'rsetip,onın' pu'tin komplekslenrinin' o'zgeriwine alıp kelip atır.Tu'rli transporttın' sanı jıldan-jılg'a ko'beymekte.Usıg'an baylanıslı,jollar shawqımnın' artıw deregi bolıp qalmastan,bul jag'ımsız shawqımlar adamnın' den sawlıg'ına jaman ta'sir jasaydı.Haqıyqatındada, No'kis qalasın ko'klemzarlastırıwda h'a'm abadanlastırıwda jergilikli o'simlik tu'rleri menen birgelikte introduktsiyalang'an ag'ash-puta deneli o'simliklerdin a'h'miyeti h'a'zirgi ku'nde ju'da' ullı.Sebebi bul tu'r o'simlikler o'zlerinin' a'jayıp turqı menen,japıraqlarının' h'a'rtu'rliligi menen,a'sirese gu'llew da'wirinde h'a'm miywelew da'wirinde de shıraylı ko'rinisleri menen ajıralıp turadı.

No'kis jag'dayında ko'klemzarlastiriwda ag'ash-puta deneli o'simliklerdin ,a'sirese ko'beyiw o'zgeshelikleri u'yreniw arqalı qaysı o'simlikler tek tuqımınan jaqsı ko'gerip o'sip rawajlanıw qa'biletine iye bolsa,al qaysı o'simlikler tuqımı,qa'lemshe h'a'm tu'plerin bo'liw arqalı ko'beyiw uqıbına iyeligin bildik.A'sirese,ag'ash deneli tu'rinen qarag'ash o'simligin h'a'zirgi ku'nde No'kis qalası a'tirapında ko'plep usharatpaqtamız, al ligustrumi o'simlik bolsa oqiw binalarinin' ha'm oraylıq ko'shelerinde qala ko'rkine shıray qospaqta.

Sonday-aq jazdın' ja'zirama ıssı ku'nlerinde No'kis qalası a'tirapındag'ı h'a'r qanday Adam qa'dem basatug'ın jerlerdi bul o'simliklersiz ko'z aldımızg'a keltire almaymız.Sonlıqtan keleshekte jas o'spirimlerdi ta'rbiyalawda olardı ta'biyat baylıqları bolg'an o'simlikler du'nyası menen tanıstırıw ,bizlerdin' tiykarg'ı wazıypamız bolıp esaplanadı.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar


1.Karimov İ.A Nasha vısshaya tsel-nezavisimost i protsvetanie Rodinı,svobodı i blagopoluchiya naroda.Tashkent,Uzbekistan,2002.

2.Ametov M h’a’m t .b. Qaraqalpaqstanda terek egiw .No’kis Bilim 1995.

3.Davlenbaev K.K h’a’m t.b. Qaraqalpaqstan respublikasında ko’gallandırıw ushın qollanılatug’ın ag’ash-putalı o’simlik tu’rlerin o’siriw ilajları. No’kis Qaraqalpaqstan 1996.

4.Esbergenov X va boshk.Qoraqalpog’iston respublikasi poytaxti Nukus qadimiy va navqiron shah’ar.Toshkent.2002.

5.Jabbarovaİ.E.,Raximova T.U.Jizzax shah’arining manzarali daraxtlari va ularning ah’amiyati. Biologik xilma-xillikni saqlashning dolzarb muammolari .(İlmiy konferentsiya va esh olimlar,talabalar ilmiy maktabi materiallari 22 dekabr 2010)Toshkent-2010

6.Qaraqalpaqstanda aq Terek h’a’m basqa da tez o’siwshi ag’ashqa jaramlı daraqlardı jetistiriw boyınsha qısqasha qollanba. No’kis 1995

7.Kurbaniyazov B.,Azimova D.O.Qoraqalpag’istondagi ayrim manzarali wsimliklar. Biologik xilma-xillikni saqlashning dolzarb muammolari .(İlmiy konferentsiya va esh olimlar,talabalar ilmiy maktabi materiallari 22 dekabr 2010)Toshkent-2010

8.Qabulov S Adamler,terekler h’a’m suw.No’kis Qaraqalpaqstan 1978.

9. O’tenov T.Qaraqalpaqstannın’ qala ha’m awillarinin’ jasil qurilisi. No’kis Qaraqalpaqstan 1984

10 .O’tenov T.Qaraqalpaqstannın’ ag’ashlı-putalı o’simlikleri,olardı paydalanıw h’a’m qorg’aw. No’kis Qaraqalpaqstan 1987.

11. Matkarimova A.A. Wzbekiston manzarali wsimliklerining xilma-xilligi va ularning ah’amiyati. Biologik xilma-xillikni saqlashning dolzarb muammolari .(İlmiy konferentsiya va esh olimlar,talabalar ilmiy maktabi materiallari 22 dekabr 2010)Toshkent-2010

12.Matmuratov J.Qaraqalpaqstan respublikasinin’ ta’biyg’iy sharayati ha’m ta’biyg’iy resurslari. No’kis.1988.
13.Ozolin G.Uzbekiston teraklari Toshkent Meh’nat 1992.
14.Ozolin G.P.Selektsiya topolya v Uzbekistane Tashkent.1982
15.Raximova T va boshq.Shah’ar muh’iti ekologiyasi.Toshkent.2005.
16.Sagitov B.,O’tenov T Adam h’a’m o’simlik . No’kis Qaraqalpaqstan 1981
17.Saydaminov S.S i dr.Zagryaznenie vozdushnoy sredı gorodov i ee biologicheskaya ochistka.Tashkent.1990
18.Usmanov A.U.Dendrologiya Uzbekistana .Tashkent FAN 1971
19.Fuzaylov D.M Drevesina Uzbekistana. Tashkent FAN 1983
20.Xanazarov A.A..Yusupoa Sh.T.Uzbekistonda terak va boshqa tez usuvchi eg’ochbop daraxlarni etishtirish buyicha qisqacha qullanma.Toshkent 1994.
21.Xaydarov Q.H.,Xojimatov Q.H Uzbekiston wsimliklari.T. Uqituvchi 1992.
22.Ha’r bir jumısshıg’a 20 tu’p na’l. Erkin Qaraqalpaqstan
№ 25 (19019) 26-fevral 2011-jıl shembi.

## Insan o`mirinin` qa`wipsizligi

O`zbekstan Respublikasi Joqari ha`m orta arnawli bilim minisitrligi, puqaraliq qorg`aniwdin` baslig`i A.Parpievtin` 28.10.2008 j. №318 sanli buyrig`i ha`m universitet Ilimiy Ken`esi (12.11.2008 j, №2 is qag`azi) qarari tiykarinda tayarlang`an universitet rektorati buyrig`ina (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanip «O`mir qa`wipsizligi» pa`nin barliq ta`lim bag`darlari boyinsha talabalarg`a oqiw protsessinde u`yretiw ushin, magistr dissertatsiyasin ha`m baqalavr qa`nigelik pitkeriw jumisin orinlawda pa`nnin` huqiqiy tiykarlari kirgizildi.

"Ja`miyette puxaralardin` huqiqlari ha`m erkinliklerin qorg`aw ta`miyinlengende ol haqiqiy, huqiqiy puxaraliq ja`miyet boladi. Ha`r bir adam o`z huqiqlarin aniq biliwi olardan paydalana aliwi, o`z huqiqi ha`m erkinliklerin qorg`ay aliwi lazim. Bunin` ushin da`slep ma`mleketimiz xalqinin` huqiqiy ma`deniyatin asiriw za`ru`r" (I. Karimov. O`zbekstan XXI a`sirge umtilmaqta, 31 – bet).

XX a`sirdin` 60 – jillarinan baslap is ju`rgizip kelgen puxaraliq qorg`aniw sistemasinin` tiykarg`i waziypasi tinishliq da`wirinde ha`m uris jag`dayinda ma`m-leket xalqin jalpi qirg`in qurallari ha`m basqa xu`jim qurallarinan qorg`aw, uris jag`dayinda xaliq xojalig`i ob`ektlerinin` turaqli islewin ta`miyinlew ha`mde apatshiliq oshaqlarinda qutqariw ha`m tiklew jumislarin o`z waqtinda na`tiyjeli a`melge asiriwdan ibarat edi.

Biraq xaliq o`mirine tek jalpi qirg`in qurallari emes, ba`lkim basqa qa`wip – qa`terlerde qa`wip salmaqta, olardi na`zerden shette qaldiriw hasla mu`mkin emes. Bular ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylar bolip tabiladi.

90–jillarg`a kelip yadro urisi qa`wipi kemeyip, biologiyaliq qurallardan paydalaniw sheklep qoyildi, jan`a – zamanago`y qural tu`rleri oylap tabildi, olar adamlar ushin qa`wipli bolmay, ba`lki ekonomikaliq ob`ektlerdi isten shig`ariwg`a

qaratilg`an edi. Bulardin` barlig`i puqaraliq qorg`aniw sistemasi orninda jan`a bir sistema du`ziliw kerekligin da`llilep berdi.

Puqaraliq qorg`aniw ornin iyelewi mu`mkin bolg`an iri ko`lemdegi ayriqsha jag`daylarg`a a`welden tayarliqti ta`miyinlewshi jan`a arnawli ma`mleket sistemasi iyelewi, ol tinishliq ha`mde uris da`wirinde xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`awi lazim edi. Bul sistema xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw ha`m qutqariw jumislarin o`tkerip qoymay, basqa a`hmiyetli ilajlardi: ta`biyiy apatlardan qa`wipli aymaqlar kartalarin du`ziw, seysmikaliq bekkem bina ha`m imaratlardi quriw, qisqa, orta ha`m uzaq mu`ddetli boljaw jumislarin sho`lkemlestiriwi ha`m xaliq tayarlig`in a`melge asiriwi lazim edi.

Usi orinda ja`ne bir ma`seleni aydinlastirip aliwg`a tuwra keledi. Ayriqsha jag`day degen ne, onnan xaliqti ha`m aymaqlardi qorg`aw degende neni na`zerde tutiwimiz kerek?

Ayriqsha jag`day – adamlar qurban boliwi, olardin` den sawlig`i yaqi qorshag`an ortaliqqa ziyan tiyiwi, materialliq shig`inlar keltirip shig`iliwi ha`mde adamlardin` turmis sharayatinin` izden shig`iwina alip keliwi mu`mkin bolg`an yaqi alip kelgen avariya, apatshiliq, qa`wipli ta`biyg`iy ha`diyse yaqi basqa ta`biyiy apatshiliq na`tiyjesinde belgili bir aymaqta ju`zege kelgen jag`day.

**Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw** – ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardi saplastiriw ilajlari, usillari, qurallar sistemasi, ha`reketler birlesigi.

**Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw** – aldin ala o`tkerilip, ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi qa`wipin mu`mkinshiligi bolg`ansha kemeytiwge, bunday jag`daylar ju`z bergen ta`g`dirde bolsa adamlar den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge qaratilg`an ilajlar kompleksi.

**Ayriqsha jag`daylardi saplastiriw** – ayriqsha jag`daylar ju`z bergende o`tkerilip, adamlar o`miri ha`m den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge, sonday – aq ayriqsha jag`daylar ju`z bergen zonalardi shen`berge alip, qa`wipli faqtorlar

ta`sirin toqtatiwg`a qaratilg`an avariya – qutqariw jumislari ha`m basqa keshiktirip bolmaytug`in basqa jumislar kompleksi.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda qoyilg`an en` tiykarg`i jumislardin` biri–da`slep Qorg`aniw ministrligi qasinda puqaraliq qorg`aniw ha`m ayriqsha jag`daylar basqarmasinin`, son` usi basqarma tiykarinda **O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` 1996 jil 4 marttag`i PF–1378 Buyrig`i** menen Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` du`ziliwi boldi.

Ministrlik is ju`rgize baslag`annan son` xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinin` huqiqiy tiykarin du`ziwshi bir qatar nizam ha`m qararlar qabil etildi.

***O`zbekstan Respublikasi nizamlari:***

**Xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw haqqinda** (1999 jil 20 avgust) – 5 bo`lim ha`m 27 stat`yadan ibarat. Nizam xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawindag`i sotsial mu`na`sibetlerdi ta`rtipke saladi ha`m ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi ha`m rawajlaniwinin` aldin aliw, ayriqsha jag`daylar keltiretug`in shig`inlardi azaytiw ha`m ayriqsha jag`daylardi saplastiriwdi maqset etip qoyadi.

**Puxaraliq qorg`aniw haqqinda** (2000 jil 26 may) – 4 bo`lim ha`m 23 stat`yadan ibarat. Usi nizam puxaraliq qorg`aniw tarawindag`i tiykarg`i waziypalardi, olardi a`melge asiriwdin` huqiqiy tiykarlarin, ma`mleket organlarinin`, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` wa`killiklerin, O`zbekstan Respublikasi puxaralarinin` huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlarin, sonday – aq puxaraliq qorg`aniw ku`shleri ha`m qurallarin belgileydi.

**Adamnin` immunitet jetispewshiligi virusi menen keselleniwinin` aldin aliw haqqinda** (1999 jil 19 avgust) – 13 stat`ya. Nizamda AIJS kesellliginin` aldin aliw tarawindag`i ma`mleketlik ta`miyinlew, keselliktin` aldin aliw boyinsha jumislardi qarji menen ta`miyinlew, puxaralardin` ha`m ma`jbu`riyatlarina tiyisli ma`seleler ko`rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarinin` qa`wipsizligi haqqinda** (1999 jil 20 avgust) – 15 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti gidrotexnika inshaatlarin joybarlastiriw, quriw, paydalaniwg`a tapsiriw, olardan paydalaniw, olardi rekonstruktsiya qiliw, tiklew, konservatsiyalaw ha`m tamamlawda qa`wipsizlikti ta`miyinlew boyinsha iskerligin a`melge asiriwda ju`zege keletug`in mina`sibetlerdi ta`rtipke saliw bolip tabiladi.

**Awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`aw haqqinda** (2000 jil 31 avgust) – 28 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`awdi ta`miyinlew, o`simliklerdi qorg`aw qurallarinin` adam den sawlig`ina, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa ziyanli ta`sirinin` aldin aliw menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

**Radiatsiyaliq qa`wipsizlik haqqinda** (2000 jil 31 avgust) – 5 bo`lim ha`m 28 stat`yadan ibarat. Nizamnin` maqseti radiatsiyaliq qa`wipsizlikti, puxaralar o`miri, den sawlig`i ha`m mal – mu`lki, sonday – aq, qorshag`an ortaliqti ionlastiriwshi nurlaniwdin` ziyanli ta`sirinen qorg`awdi ta`miyinlew menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsi gu`res haqqinda** (2000 jil 15 dekabr`) – 6 bo`lim ha`m 31 stat`yadan ibarat. Usi nizamnin` maqseti terrorizmge qarsi gu`res tarawindag`i qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat. Nizamnin` tiykarg`i waziypalari shaxs, ja`miyet ha`m ma`mlekettin` suverenitetin ha`m aymaqliq pu`tinligin qorg`aw puxaralar tinishlig`i ha`m milliy tatiwliqti saqlawdan ibarat.

**Qa`wipli islep shig`ariw ob`ektlerinin` sanaat qa`wipsizligi haqqinda** (2006 jil 28 sentyabr`) – 23 stat`ya. Nizamnin` maqseti qa`wipli islep shig`ariw ob`ektlarinin` sanaat qa`wipsizligi tarawindag`i qa`tnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

***O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` qarari:***

**Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shkisi ha`diyseleri menen baylanisli ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardin` aqibetlerin toqtatiw barisindag`i – ilajlar haqqinda** (2007 jil 19 fevral`, PQ – 585 – sanli). Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shki ha`diyseleri menen

baylanisli jumislardi o`z waqtinda ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, sonday – aq olardin` aqibetlerin tezlik penen toqtatiw maqsetinde qabil etilgen.

***O`zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin` qararlari:***

**O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` jumisin sho`lkemlestiriw ma`seleleri haqqinda** (1996 jil 11 aprel`, 143 – sanli). Qararg`a «O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar haqqinda»g`i Nizam qosimsha etilgen. Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` tiykarg`i waziypalari, huqiqlari keltirilgen.

**O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi haqqinda** (1997 jil 23 dekabr`, 558 - sanli). Qarar menen O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi (AJMS) haqqindag`i Nizam ha`m onin` du`zilisi tastiyiqlang`an, ministrlik ha`m idaralardin` xaliq ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw boyinsha funktsiyalari keltirilgen.

**O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`awg`a tayarlaw ta`rtibi haqqinda** (1998 jil 7 oktyabr` 427 – sanli). Qarar ma`mleket xalqin ha`m aymaqlarin ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw sistemasin rawajlandiriw maqsetinde qabil etilgen. Qararg`a qosimsha keltirilgen «Xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda tayarlaw ta`rtibi haqqinda»g`i Nizam O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda, sonday – aq ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiwge tayarliqtan o`tip atirg`an xaliq toparlarin tayarlawdin` tiykarg`i waziypalarin, tu`rleri ha`m usillarin belgileydi.

**Ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylardin` sipatlamasi haqqinda** (1998 jil 27 oktyabr, 455 – sanli). Qarar menen tastiyiqlang`an sipatlamag`a muwapiq ayriqsha jag`daylar ju`zege keliw sebeplerine ko`re texnogen, ta`biyiy ha`m ekologiyaliq qa`siyetli, usi jag`daylarda ziyan kergen adamlar sanina, materialliq ziyanlar mug`darina ha`m ko`lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha`m transsshegarali tu`rlerge bo`linedi.

**O`zbekstan Respublikasinda adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`resti ku`sheytiw ilajlari haqqinda** (1996 jil 18 yanvar`, 32 – sanli). Adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`res ilajlarinin` na`tiyjeligin asiriw, sonday – aq xaliq jasaw orinlarinda iyt, pishiq ha`m basqa u`y haywanlarin ta`rtipke saliw maqsetinde qabil etilgen.

**G`alaba xaliqliq ilajlardi o`tkeriw qag`iydalarin tastiyiqlaw haqqinda** (2003 jil 13 yanvar`, 15 – sanli). O`zbekstan Respublikasi aymag`inda g`alaba xaliqliq ilajlar o`tkeriliwi waqtinda ja`ma`a`t qa`wipsizligin ta`miyinlew ha`m ta`rtibin qorg`aw maqsetinde qabil etilgen.

**Ayriqsha jag`daylardi boljaw ha`m aldin aliw Ma`mleket da`stu`rin tastiyiqlaw haqqinda** (2007 jil 3 aprel`, 71 – sanli). Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m aqibetlerin saplastiriw tarawinda alip barilip atirg`an jumislar o`nimliligin asiriw maqsetinde qabil etilgen.

Joqarida ko`rsetilgen huqiqiy hu`jjetler tiykarinda oqiw protsessinde talabalarg`a “O`mir qa`wipsizligi” pa`ninin` barliq bag`darlari boyinsha ken` ma`niste tu`sinikler berildi.